ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№6 (24.288) • 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# ЗэфIэгъэкIыпхъэхэр яубзыху

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр зи нэIэ щIэт Новак Александррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэIущIащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ щытыкIэм тепсэлъыхьащ, республикэм щыIэ псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуа проект зыбжани къыхагъэщхьэхукIащ. Новак Александр и гуапэу къыхигъэщащ 2021 гъэм щIыналъэм и зыужьыныгъэм хуэлажьэ лъэпкъ проектхэр республикэм нэсу гъэзэщIа зэрыщыхъуар. Тепсэлъыхьахэщ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным, спорт IуэхущIапIэщIэхэр ухуэным, нэгъуэщIхэми.**

ДИ Iэтащхьэм Новак Александр щигъэгъуэзащ 2021 гъэм щIыналъэм щалэжьа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Къапщтэмэ, республикэм иIэ экономикэ зыужьыныгъэм арэзы укъещI. Нэхъыбэу зыужьыныгъэ яIащ мэкъумэшым, псэупIэ, гъуэгу ухуэныгъэхэм, сату Iуэхум, пщIэ зыщIат IуэхутхьэбзэхэмI. Псом япэ иту республикэм щофIакIуэ туризмэр.

Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ щелэжь IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм къыхэхъуащ. Республикэм и налог хэхъуэр илъэс кIуам проценти 134,8-кIэ нэхъыбащ 2020 гъэм нэхърэ. Федеральнэ, щIыналъэ ахъшэу къыхэхъуащ сом мелард 56,9-рэ.

- Республикэм и хэхъуэм Iэмал къыдитащ лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я улахуэр хэдгъэхъуэным сом мелуан 504-рэ, COVID-19-м пэщIэтыным сом мелуан 774-рэ хуэдутIыпщыну, худэчых зиIэ сымаджэхэм яIэрыдгъэхьэ хущхъуэхэр нэхъыбэ тщIыну, псэуныгъэм теухуа нэгъуэщI Iуэху щхьэпэхэри къызэдгъэпэщыну. Абы щыгъуэми кредит щIыхуэ зэтредгъэхьакъым, къэрал щIыхуэми зыкъом хэдгъэщIащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ 2021 гъэм щIыналъэм къыIэрыхьащ сом мелард 8-м щIигъу. Ар 2020 гъэм еплъытмэ, тIукIэ нэхъыбэщ. Проектхэм къыхуаутIыпща ахъшэр процент 96-кIэ къагъэсэбэпащ. Мы гъэм лъэпкъ проектхэр иригъэзэщIэну республикэр хуеинущ сом мелард 12. Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ ягъэзащIэу ухуэныгъи 100-м щIигъум щелэжьынущ республикэм.

Мы гъэм ягъэзэщIэн хуейуэ Iуэху гъэбелджылахэр щыIэщ. Абыхэм ящыщщ онкодиспансер, творческэ щIалэгъуалэм я унэ, школипщI, Налшык къалэ поликлиникэ, Бахъсэн псы бжьамий ухуэныр, къуажэ школ 32-рэ зыхуей хуэгъэзэныр, Азау губгъуэм щыщIэдзауэ Эльбрус къуажэ цIыкIум нэс псы кIэнауэр зыхуей хуэгъэзэныр, республикэм и къалащхьэм мылылъэ къэжыхьыпIэ къыщызэIухыныр. Экономикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэу щытынущ Тырныауз вольфрам къыщIэхыпIэр къэгъэлэжьэжыныр, «IуащхьэмахуэIуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм зегъэужьыныр, Шэджэм теплицэшхуэ дэщIыхьыныр, - жиIащ КIуэкIуэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и къуажэ щхьэхуэхэм псыр ирикъуу ялъэгъэIэсыным, «Налшык» зыгъэпсэхупIэм зегъэужьыным, IТ-парк къызэгъэпэщыным, щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм папщIэ IуэхущIапIэ республикэм щыщIыным. КъытеувыIахэщ узыфэ зэрыцIалэм епха гугъуехьхэми.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Кавказ Ищхъэрэм и эпидемие щытыкIэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Чайкэ Юрий видеоконференц мардэм тету иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы щытепсэлъыхьащ КИФЩI-м щыIэ санитар-эпидемиологие щытыкIэмрэ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрыпэщIэтынымкIэ хэкIыпIэхэмрэ.**



ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Гриднев Олег, УФ-м промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Осмаков Василий, «Росздравнадзор»-м и унафэщI Самойловэ Аннэ, «Роспотребнадзор»-м и унафэщIым и къуэдзэ Ежловэ Еленэ, КИФЩI-м хыхьэ хэгъэгухэм я унафэщIхэр.

ЩIышылэм и 18-м ирихьэлIэу COVID-19-р къызэрежьэрэ округым къыщахута сымаджэм я бжыгъэр мин 370-м ноблагъэ, щэкIуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ абы къыхэхъуащ мин 79-рэ, процент 46-р иужьрей мазэм сымаджэ хъуахэрщ. Зы жэщ-махуэм крыубыдэу сымаджэ нэхъыбэ къыщахутар Ставрополь крайрщ - цIыху 500-м щIигъу, абы къэкIэлъокIуэ Дагъыстэн Республикэр - 143-рэ. Мы зэманым коронавирус узыфэ зэрыцIалэр зыпкърыт сымаджэу щIыналъэм щыIэр цIыху мин 23,8-рэ мэхъу, а бжыгъэм и нэхъыбэр Ставрополь крайм хуозэ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зэрызыщибгъур, «омикрон» штаммыр зыпкърытхэри зэрыщыIэр. КИФЩI-м щыIэ эпидемиологие щытыкIэр къилъытэри, Чайкэ Юрий пщэрылъ ящищIащ округым и хэгъэгухэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу узыфэм зэуэ зэрызиубгъуным хуагъэхьэзырыну.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и эпидемиологие щытыкIэмрэ узыфэм пэщIэтынымкIэ зэфIагъэкIхэмрэ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ иджыпсту зэпIэзэрыту зэрыщытыр, блэкIа жэщ-махуэм узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр япкърыту сымаджэ 80 къызэрахутар, госпиталхэм ягъэгъуэлъхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрымыхъур. Мы зэманым коронавирусыр зыпкърытхэм щеIэзэ госпиталу республикэм 4 щолажьэ, псори зэхэту гъуэлъыпIэ 710-рэ щIэту. Абыхэм щагъэхъуж сымаджэ 543-рэ, 70-р реанимацэм щIэлъщ. ОРВИ-м и нэщэнэхэр яIэу цIыху 3915-рэ амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтщ, лабораторэ къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абыхэм ящыщу сымаджэ 1450-м коронавирус узыфэр япкърытщ.

Коронавирусым и «омикрон» штаммыр цIыху 11-м япкърыту къыщахутащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Сымаджэ хъуахэм ящыщу тIур госпиталым ягъэгъуэлъащ, абыхэм я щытыкIэмкIэ шынагъуэ щыIэкъым. Мыдрейхэм узыр къатемыхьэлъэу зэрырахьэкIым къыхэкIыу, я узыншагъэр унэм щызэфIагъэувэж.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Президиумым, КъБР-м и Правительствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIо Борис Чэмал и къуэр лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI еджагъэшхуэщ. ЩIэныгъэлI щыпкъэм, къэхутакIуэ емызэшым теухуа тхыгъэ ди газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэм и ещанэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ. ЗэкIэ фыщыдогъэгъуазэ Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа хъуэхъум.**

## Уи щIыхьыр нэхъ лъагэж хъуну!

**Хъуэхъуу щыIэм я нэхъ пажэр худогъэфащэ зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 70 ирикъу БищIо Борис Чэмал и къуэм.**



УЭ лIыпIэм уиуващ акъыл инрэ щIэныгъэ мыкIуэщIрэ уиIэу - щIэныгъэхэм урадоктору. Къинэмыщlауэ, уи фIыщIэ ин хэлъщ автор гупым уащыщ зыуэ «Адыгэбзэ псалъалъэр» дунейм къызэрытехьам, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуа» хабзэр, республикэм и къэралыгъуэ бзэхэм зезыгъэужь программэр къызыхуэтыншэу зэхэлъхьа зэрыхъуам, Iыхьитlу зэхэт «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» тхылъыр къызэрыдэкIам. ИкъукIэ купщIафIэщ икIи куущ адыгэ бзэщIэныгъэр зэфIэувэным епхьэлIа уи гуащIэри щIэныгъэри.

ГъащIэм хууиIэ гукъыдэжым, уи гуащIэдэкIым хэмыщIу, лIэщIыгъуэ ныбжьым Тхьэшхуэм уригъэбакъуэ! Узыншагъэ быдэ уиIэу иджыри куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу, адыгэ лъэпкъым ухуигъэлажьэ, Борис!

**УЭЗ ФатIимэ,**
*КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор,*
**БРАТ Хьэсин,**
*КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь, филологие щIэныгъэхэм я кандидат,*
**ЩАКIУЭ Мусалий,**
*КъШР-м и телевиденэм и адыгэ редакцэм и унэфэщI, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щIыхь зиIэ я журналист.*

# Кавказ Ищхъэрэм и эпидемие щытыкIэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

КIуэкIуэ Казбек жиIащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтыным республикэм зэрызыхуигъэхьэзырар. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм ищIа пщэрылъхэр ягъэзащIэу коронавирусыр зыпкърыт сымаджэхэм унэм зэрыщеIэзэну хущхъуэхэмрэ узыр нэхъ пасэу къэхутэнымкIэ тест-системэхэмрэ къэщэхуным республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 53-рэ хухахащ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ узыфэр къыщахутэ лабораторэхэр щIэгъэхуэбжьауэ зэрылэжьэнур, зы жэщ-махуэм къриубыдэу тест къэпщтыныгъэу мини 5-м щIигъу ирагъэкIуэкIыу. Апхуэдэу иужьрей жэщ-махуэм лабораторэ къэпщытэныгъэу мини 3-м нэблагъэ ящIащ. Экспресс-тестхэр щрагъэкIуэкI пунктхэр цIыхухэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм къыщызэIуахынущ, ахэр щылэжьэнущ еджапIэхэми.

Узым зэрыпэщIэт вакцинэр цIыхухэм халъхьэн Iуэхуми республикэм щыпащэ, мастэм и сэбэпынагъыр жылагъуэм гурагъаIуэу лэжьыгъэ пыухыкIахэри ирагъэкIуэкI. Республикэм вакцинэр щыхалъхьэ пункт 85-м, цIыхухэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм ягъакIуэ гупу 58-рэ мэлажьэ. ИджыпстукIэ вакцинэм и япэ пкъыгъуэр зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр мин 250-м щIегъу, мастэм и пкъыгъуитIри зыхалъхьахэр мини 183-рэ мэхъу.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ нэхъапэкIэ республикэм къыщыхалъхьауэ щыта мардэ пыухыкIахэр гъэзэщIэныр нэхъ ткIий зэращIынур. Зи ныбжьыр илъэс 60-м щIигъуахэмрэ уз гъэтIылъа зиIэхэмрэ унэм щылажьэу ящIынущ, апхуэдэу вакцинэр зыхезмыгъэлъхьахэр IэнатIэм пэрагъэхьэнукъым, цIыху гупышхуэ щызэхыхьэ Iуэхухэр ягъэмэщIэнущ, санитар хабзэхэр гъэзэщIэным ткIийуэ кIэлъыплъынущ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхухэм япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм фIыуэ къызэрыхэхъуэнур къалъытэу, абыхэм мылъку щхьэхуэ яхухэхыпхъэу зэрыщытыр. Поликлиникэхэмрэ госпиталхэмрэ щекIуэкI лэжьыгъэм къыхашэнущ республикэм и медицинэ еджапIэхэм я ординаторхэмрэ студентхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, узыфэм и гуащIэгъуэу зыщиубгъу лъэхъэнэм ирихьэлIэу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм федеральнэ медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щригъэджа щIалэгъуалэри зыдагъэIэпыкъун папщIэ республикэм къашэжын Iуэхуи зэрахуэ. Псори зэхэту лэжьыгъэм къыхашэнущ ординатор, студент 500-м нэблагъэ, абыхэм иратыну улахуэр республикэ бюджетым къыхэкIынущ.

Узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм щеIэзэ госпиталхэм щыIэ медицинэ лэжьакIуэхэм тезыгъэгушхуэу я улахуэм хущIагъу ахъшэр иджыри илъэс ныкъуэкIэ иратыну КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэ щыIэщ.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм», район сымаджэщхэм я участковэ IэнатIэхэм я автомашинэхэм я щытыкIэр къапщытащ, апхуэдэ автотранспортхэр къызэращэхуным иужь итщ. Узыфэ зэрыцIалэр къыщахутэ икIи щеIэзэ амбулаторэ центрхэр нэхъыбэу къызэIуах, абыхэм коронавирусым узэрыпэщIэтынум теухуауэ дохутырхэм я чэнджэщ къыщыпщIэфынущ, тест къэпщытэныгъэхэр щебгъэкIуэкIыфынущ. КъБР-м Узыншагъэмкlэ и министерствэм коронавирусымкIэ и колл-центрыр щIэгъэхуэбжьауэ мэлажьэ, абы упсэлъэфынущ 122-рэ номерымкIэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# ЩIыналъэ унафэщIыр «Россия-24»-м и журналистым йопсалъэ

**КъБР-м и Iэтащхьэр «Россия-24» телеканалым и журналистым епсэлъащ щIыналъэм щекIуэкI эпидемиологие щытыкIэр зыхуэдэм щыгъуазэ ищIу.**

ГОСПИТАЛХЭМ я лэжьыгъэм теухуа упщIэм и жэуапу республикэм и Iэтащхьэм жиIащ: «IэщIагъэлIхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым коронавирус узыфэ зэрыцIалэмкIэ щытыкIэр зы пIэм итщ. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу узыр пкърыту цIыху 80-м нэблагъэ къахутэ. Госпиталхэм сымаджэ 543-рэ щIэлъщ, псори зэхэту абыхэм гъуэлъыпIэ 710-рэ щIэтщ. Iэмалыншэ хъумэ, а бжыгъэр 1600-м тхунэгъэсынущ. ЩытыкIэм дыкIэлъыплъу, ар сытым дежи ди Iэнэм щIэту йокIуэкI. Иужьрей тхьэмахуэм госпиталхэм щIэхуэхэр нэхъ мащIэ хъуащ, къапщтэмэ, блэкIа жэщ-махуэм абы щIэлъхэм я бжыгъэм цIыхуи 10 хэщIащ. Апхуэдэу щытми, узыфэм и штамм лIэужьыгъуэщIэм зэрызиубгъум къытхуегъэув абы и гуащIэгъуэу зыщиубгъум дыхуэхьэзыру дыщытыну икIи абы и Iуэху зыдохуэ».

Жылагъуэм вакцинэр зэрызэхрагъалъхьэм и гугъу щищIым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ абы и япэ пкъыгъуэр цIыху мин 250-м зэрызэрахьэлIар, коронавирусым укъезыгъэл иммунитетыр нэхъыбэм зрагъэгъуэтын папщIэ иджыри мин 221-м мастэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ, абы и лъэныкъуэкIэ щытыкIэр зэрефIакIуэр, вакцинэр щыхалъхьэ пунктхэм екIуалIэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, ауэ абы щхьэкIи къамыгъанэу, узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм зэрыпэщIэт мастэм къызэрихъумэм теухуауэ цIыхухэм епсэлъэным иджыри къыпащэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ видеозэпыщIэныгъэкIэ Правительствэ комиссэм и зэIущIэу Москва щекIуэкIам. ЩIыналъэхэм я зыужьыныгъэм траухуа Iуэхугъуэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэтащ гъуэгу ухуэныгъэхэм, къэралым и транспорт системэм ехьэлIа упщIэхэр. Абы къыщыпсэлъащ Урысейм транспортымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Костюк Андрей, федеральнэ гъуэгу агентствэм и унафэщI Новиков Роман сымэ.

Гъуэгу ухуэныгъэхэмкIэ КъБР-р Урысейм нэхъ щыпэрытхэм ящыщщ. 2021 гъэм республикэм щагъэтэмэмащ автомобиль гъуэгуу километр 237-рэ. Абы щыщу километр 42-р федеральнэ гъуэгущ, 157-р щIыналъэм, 38-р муниципалитетхэм яйщ.

Iэтащхьэм унафэ зэрищIам тету, республикэм и гъуэгухэм щелэжьым къалъытащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, уэздыгъэкIэ гъэнэхуныр, гъуэгу Iуфэхэр щыхуэныкъуэ щIыпIэхэм деж къыщыхухьыныр.

Гъуэгу километри 100-м щIигъу ягъэнэхуащ, гъуэгу зэпрыкIыпIэу 649-рэ къызэрагъэпэщащ.

# УФ-м и Правительствэ комиссэм и зэIущIэм

Нэхъ шынагъуэу къалъытэ гъуэгубгъуу километр 11-м щIигъу къахухьащ. Апхуэдэуи, сурэтрэ видеорэ тезых камерэхэр фIалъхьащ.

«Гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым, «Транспорт системэм зегъэужьын», «Къуажэ щIыпIэхэм зегъэужьын» къэрал программэхэм, КъБР-м и гъуэгу фондым и субсидием я сэбэпкIэ, 2021 гъэм республикэм и гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным хухахауэ щытащ сом меларди 4.

- Гъуэгу ухуэныгъэхэм теухуауэ мураду тщIар къыдэхъулIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир псэуныгъэм теухуауэ иригъэкIуэкI политикэм, УФ-м и Правительствэм ди жэрдэмхэр къызэрыддиIыгъам я фIыгъэкIэ. Дызэрыт илъэсми ди лэжьыгъэм къыпытщэнущ. 2021 гъэм и кIэухым щIыналъэм щаухуэну объект 62-м теухуауэ зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэхэм Iэ щIэддзащ, - щыжиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм.

# КъызэрымыкIуэ щытыкIэм хуэхьэзырщ




**ЩIышылэм и 20-м КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и унэм республикэм коронавирус уз зэрыцIалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкIэлъыплъынымкIэ и Оперативнэ штабым хэтхэр журналистхэм щаIущIащ. Министр Къалэбатэ Рустам иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ «Роспотребнадзор» къэрал IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ и управленэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и штатым хэмыт доху-тыр-инфекционист нэхъыщхьэ Иуан Маринэ сымэ. КъулыкъущIэхэм жэуап иратащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм коронавирус узыфэм, абы и теплъэщIэ «омикрон»-м ехьэлIа упщIэхэм, республикэр а Iуэхум зэрыхуэхьэзырым.**

«КОРОНАВИРУС узыфэ зэрыцIалэм ехьэлIауэ щыIэ щытыкIэр Оперативнэ штабым и кIэлъыплъыныгъэм щIэтщ, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. - «Омикрон»-р къызэрымыкIуэ щытыкIэм икI пэтми республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ сымаджэ мини 8 мазэкIэ зрикъун хъущхъуэрэ абыхэм зэреIэзэн IэмэпсымэкIэ щIыналъэр къызэрагъэпэщащ. Абы папщIэ хухахащ сом мелуан 35-рэ. Поликлиникэхэм къафIэмыкIыу сымаджэхэм щеIэзэныр нобэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Коронавирусыр зыпкърыт сымаджэхэм унэм щызрахьэлIэну хущхъуэхэмрэ узыр нэхъ пасэу къэхутэнымкIэ тест-системэхэр ди хъумапIэм къытIэрыхьащ, мы махуэхэм республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм яхуэдутIыпщынущ. Унэм щIэс сымаджэхэм псынщIэу хущхъуэхэр яIэрыдгъэхьэфын папщIэ автомашинэкIэ поликлиникэхэр къызэгъэпэщащ. Iэмалыншэ хъумэ, дохутырхэр зэман кIэщIым сымаджэхэм я деж нэдгъэсыфынущ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, махуэкум ирихьэлIэу «омикрон» штаммыр япкърыту къахутащ цIыху 11-м. Абыхэм ящыщу нэхъыжьыр 1943 гъэм къалъхуащ, нэхъыщIэр илъэс 13 хъууэ аращ. А тIум кIэлъыплъыныгъэ хуэфэщэн ягъуэтын папщIэ сымаджэщым ягъэгъуэлъащ.

«Роспотребнадзор» къэрал IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ и управленэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, «омикрон» штаммыр къызыпкърыхьахэм зыми коронавирус уз зэрыцIалэм зэрыпэщIэт вакцинэр зыхрагъэлъхьатэкъым икIи сымаджэ хъуахэр зыкIи зэпыщIакъым. «Омикрон»-р къызэпкърыхьахэм ящыщу тIу Шэджэм щIыналъэм, Дзэлыкъуэ, Аруан куейхэм зырыз щыщщ, адрейхэр налшыкдэсщ.

«Экспресс тест-къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну Iэмэпсымэхэр курыт еджапIэхэм мы махуэхэм яIэрыхьэнущ», - жиIащ Пагуэм.

Иджыпсту республикэм щыIэкъым узыфэм и зэранкIэ зэхуащIа школрэ сабий садрэ.

«Поликлиникэхэмрэ госпиталхэмрэ щекIуэкI лэжьыгъэхэм дяпэкIэ къыхашэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэмрэ республикэм щылажьэ медицинэ колледжхэм я студентхэмрэ ординаторхэмрэ, - жиIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и штатым хэмыт дохутыр-инфекционист нэхъыщхьэ Иуан Маринэ. - Коронавирус узыфэ зэрыцIалэм и лIэужьыгъуэщIэр зыпкърытхэр къыщахутэ, ахэр щагъэхъуж амбулаторэ центрхэр зэман гъунэгъум къызэIуахынущ. Абыхэм сымаджэхэм дохутырхэм я чэнджэщ щагъуэтынущ, тест-къэпщытэныгъэ псынщIэхэр щрагъэкIуэкIынущ».

КъБР-м щыIэ Роспотребнадзорым и управленэм хъыбар къызэритамкIэ, пандемиер къызэрежьэрэ (щIышылэм и 20-м ирихьэлIэу) ди республикэм щыщу сымаджэ хъуащ цIыху 43 656-рэ, хъужащ цIыху 39 645-рэ. Коронавирус узыфэм илIыкIащ цIыху 1 537-рэ. Мы махуэхэм коронавирус япкърыту къалъытащ цIыху 1529-м.

Республикэм уз зэрыцIалэм укъезыгъэл иммунитет зэригъэпэщар иджыпсту зэрыхъур процент 47,9-рэщ. Коронавирусым зэрыпэщIэт вакцинэр щыхалъхьэ пункту 85-рэ, цIыхухэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм ягъэIэпхъуэ пункту 19 КъБР-м къыщызэIуахащ. ЦIыху нэхъыбэ щылажьэ IуэхущIапIэхэм кIуэуэрэ хущхъуэр хэзылъхьэ гуп 59-рэ республикэм министерствэм и нэIэм щIэтщ.

«Омикрон» штаммым псынщIэу зиубгъункIэ шынагъуэ зэрыщыIэм, апхуэдэу хъумэ абы еIэзэну поликлиникэм щыIэ дохутырхэр иримыкъункIэ гурыщхъуэ зэращIым къыхэкIыу, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм коронавирусымкIэ и колл-центрым и лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьащ. Абы теухуауэ хъыбар къыщыпщIэфынущ е чэнджэщ щыбгъуэтыфынущ 122 номерымкIэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

ДифI догъэлъапIэ

# Бзэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэ

**Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI еджагъэшхуэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Бэлъкъэр Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Президумым, КъБР-м и Правительствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща БищIо Борис Чэмал и къуэр. Филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIор Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ. Бзэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэ къэхутакIуэ Iэзэм и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, зэреджэ программэхэмрэ пособиехэмрэ. Лъэпкъ щIэныгъэлI щыпкъэм и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.**



ЛЭСКЭН районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1952 гъэм къыщалъхуащ БищIо Борис. Жылэм дэт курыт еджапIэр хъарзынэу къиуха нэужь, 1970 - 1972 гъэхэм къулыкъу щищIащ советыдзэм. ЩIыхь зыпылъ а къалэныр екIуу зэфIэзыха адыгэ щIалэм къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм икIи бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIащ. Лъэпкъыбзэм, тхыдэм, щэнхабзэм дахьэх Борис щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и урыс-адыгэ къудамэм. Студент илъэсхэр хьэлэмэту, купщIафIэу ирихьэкIащ. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, ар жыджэру хэтт университетым щекIуэкI студент щIэныгъэ зэхыхьэхэм. А лъэхъэнэм ирохьэлIэ абы и япэ къэхутэныгъэхэр.

Къыхиха IэщIагъэмкIэ 1977 гъэм БищIом щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ, арщхьэкIэ щIэхъуэпсырт и зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэну. А гуращэр абы къехъулIащ мыгувэу: ягъэкIуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и аспирантурэм. А илъэсхэм мыхьэнэшхуэ яIащ щIалэщIэм и дежкIэ. Ар гупсэхуу щIэдэIуащ къэралпсо, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлIхэм я лекцэхэм, кууу щIэджыкIащ и IэщIагъэм теухуа литературэм. Москва щыщеджа илъэсхэм Борис игъэхьэзыращ зэгъэпщэныгъэм деж причастием адыгэбзэм щигъэзащIэ мыхьэнэм теухуа и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. 1984 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар пхигъэкIащ БищIом икIи филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

БзэщIэныгъэм и Iыхьэхэу грамматикэ (морфологиемрэ псалъэ къэхъукIэмрэ), фразеологие, лексикографие (псалъалъэхэр), нэгъуэщIхэми ехьэлIа къэхутэныгъэ куэд зэфIихащ БищIом. А унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр илъэс 20-м щIигъуауэ и пашэщ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди щIыналъэ институтым и адыгэбзэ къудамэм.

И къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м нэсым яхэтщ монографие щхьэхуэри, къэхутэныгъэ хэхахэм ятеухуахэри, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщщ «Зэгъэпщэныгъэм и деж причастиер адыгэбзэм къызэрыщыгъэлъэгъуар» (Налшык, 1992), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэмрэ лексико-фразеологиемрэ» (Налшык, 2005). Зи цIэ къитIуа иужьрей къэхутэныгъэр и лъабжьэу БищIом 2006 гъэм утыку кърихьащ и доктор диссертацэр. ЩIэныгъэ дунейм щIэупщIэшхуэ щызиIа а лэжьыгъэр ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ абы икIи филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыфIащащ.

БищIом хэлъхьэныгъэшхуэ зыхуищI унэтIыгъэхэм ящыщщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лексикографиер. Ар яхэтащ «Адыгэбзэ псалъалъэр» (Москва, 1999) зыгъэхьэзыра икIи къыдэзыгъэкIа щIэныгъэлI гупым.

- Апхуэдэ псалъалъэ ди анэдэлъхубзэм хузэхэлъхьэным ди институтыр иужь ихьауэ щытащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм и кIэхэм. Лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэм и пэублэ редакцэм хэтащ филологие щIэныгъэхэм я докторхэу Апажэ Мухьэмэд, Балъкъэр Хьэзешэ, Багъы Пётр, Джаурджий Хьэтыкъэ, Тау Хьэзешэ сымэ, нэгъуэщIхэри, - жеIэ БищIом. - Псалъалъэр тхылъу къыдэгъэкIыным щыхуагъэхьэзыр зэманыр ирихьэлIащ къэралым къыщыхъуа экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм икIи абы Iуэхур къызэтригъэувыIауэ щытащ.

ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, псалъэ мин 31-м нэблагъэ зэрыхуа псалъалъэм и Iэрытхыр зыкъомкIэ зэрамыгъэзэхуэжу хъуакъым: абы хагъэкIащ псалъэ гуэрхэр, нэгъуэщIхэри щIэрыщIэу ягъэнэхуэжащ. Институтым и адыгэбзэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм адэкIэ пащащ Iэрытхым елэжьыным, Псалъалъэм псалъэу итым я бжыгъэм хэгъэхъуэным, ахэр грамматикэрэ стилрэ я лъэныкъуэкIэ гъэбелджылыным, псалъэр зыгъэнахуэ статья цIыкIухэм я теплъэмрэ ухуэкIэмрэ ирагъэфIакIуэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ зрахьэлIа «Адыгэбзэ псалъалъэр» Москва къыщыдэкIауэ щытащ. Абы и зэхэлъыкIэр убзыхунымкIэ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм сэбэпышхуэ къахуэхъуауэ щытащ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ академикхэр, щIэныгъэлIхэр. Иджырей ди анэдэлъхубзэм псалъэу иIэр къэгъэлъэгъуэныр, абыхэм я къэгъэсэбэпыкIэ тэмэмыр убзыхуныр зи къалэн «Адыгэбзэ псалъалъэр» адыгэбзэм и япэ псалъэгъэнахуэ тхылъ хъуащ икIи шэщIауэ къагъэсэбэп бзэм ирилажьэхэми, ар зыджхэми, адыгэбзэр зыIурылъхэм я нэхъыбэми.

БищIом и редакцэм щIэту 2013 гъэм къыдэкIа «ЕджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэ» инри хуабжьу къахуощхьэпэ, школакIуэхэм я мызакъуэу, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт Iуэхущ|апIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм. Тхылъыр апхуэдэуи бзэм ирилажьэ IэщIагъэлIхэм я Iэпэгъущ.

Куэдым яфIэхьэлэмэтащ БищIом 2015 гъэм къыдигъэкIа «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» тхылъыр.

- Апхуэдэ псалъэгъэнахуэ япэ дыдэу къыдэдгъэкIауэ аращ. Ар нэхъыбэу зытещIыхьар жьы хъуа, бзэм хэкIуэдыкIыжу хуежьа псалъэхэм, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я цIэхэм, нэгъуэщI куэдми ди нэхъыжьхэри къытщIэхъуэ щIэблэри нэхъыфIу щыгъэгъуэзэжынырщ, - къыхигъэщащ щIэныгъэлIым. - Псалъэ щхьэхуэхэм къадэкIуэу псалъалъэм гулъытэ хэха щагъуэтащ ди анэдэлъхубзэр нэхъ дахэ, щIэщыгъуэ икIи шэрыуэ зыщI фразеологизмэхэм - зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэм. Бзэр къулей зыщI а Iэмалыр куэдрэ тIэщоху адыгэбзэм ирипсалъэхэм.

Адыгэ бзэщIэныгъэм и лъагапIэщIэ хъуащ БищIо Борис и редакцэм щIэту иджыблагъэ дунейм къытехьа Урыс-Адыгэ псалъалъэ иныр. Ар и инагъкIи, и купщIэкIи къащхьэщокI нэхъапэIуэкIа къыдэкIауэ щыта апхуэдэ псалъалъэхэм. Псалъэрэ псэлъафэу мин 75-м щIигъу зэрыт а къыдэкIыгъуэм наIуэу къыщыгъэлъэгъуащ иужьрей илъэсхэм адыгэбзэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр. БищIом зэрыжиIэмкIэ, мы къыдэкIыгъуэм ихуащ литературэбзэ псалъэхэм нэмыщI, къызэрыкIуэ, жьэрыIуатэбзэ, щIыпIэбзэ псалъэхэри, адэкIэ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэ куэд дыди. Абы щыгъуэми, Iэмал иIэххэмэ, ахэр а зэрыщыту ди бзэм хамыгъэувэу, зэрызэрадзэкIыным, адыгэцIэ зэрыфIащыным егугъуащ, адыгэбзэм псалъэщIэхэр къызэрыхагъэхъуэнур я мураду.

- Бзэм псалъэщIэ, мыхьэнэщIэ къимыгъэщIыж хъуамэ, абы и Iуэхур мыщIагъуэу аращ. А щытыкIэм ди бзэр къитшын папщIэщ псалъищэ куэд мы тхылъым япэ дыдэ зэдзэкIауэ щIитыр. Абы и щапхъэу къэтхьынщ бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр. Нобэм къэс адыгэбзэр школым, адрей еджапIэхэм щрагъэджкIэ нэхъыбэу къагъэсэбэпыр зэрамыдзэкIыу урысыбзэм къыхаха терминхэращ. Ардыдэращ ящIэр бзэщIэныгъэлIхэми, зэзэмызэххэ я къэхутэныгъэхэр адыгэбзэкIэ къыщытрадзэкIэ, - псалъэлъэ иным топсэлъыхь щIэныгъэлIыр. - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр 2017 гъэм яужь ихьащ щIэныгъэ академическэ грамматикэ адыгэбзэкIэ тхыным. А проектыр гъэзэщIа хъун папщIэ, сэ зэхэслъхьащ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэмкIэ урыс-адыгэ псалъалъэ икIи ар и лъабжьэу зи гугъу тщIы фIэщыгъэцIэхэм хуэдэу 1100-м щIигъу щIэуэ къэдгъэсэбэпын щIэддзащ, ахэр псори мы псалъалъэ къыдэкIыгъуэм лъэтеувэ щIыкIэу хэдгъэхьащ.

Лексикографиер зи IэщIагъэхэр щыгъуазэщ сыт хуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэри зэхэлъхьэныр Iуэхум елIэлIэну зэрыщытым, уеблэмэ жыпIэ хъунущ абы кIэ имыIэу. Мы етIуанэ къыдэкIыгъуэм илъэситIым щIигъу ихьами, щIэныгъэлIхэм я гугъуехьыр пщIэншэ хъуакъым: БищIом зэрыжиIэмкIэ, а псалъалъэр нэхъыфIуи, нэхъ зыхуей хуэзауи куэдым къалъытэ.

А Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу щIэныгъэлI щыпкъэр, хэкупсэ нэсыр йолэжь адыгэбзэм и алыфбеймрэ орфографиемрэ егъэфIэкIуэным, адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ зэшэлIэным. Алфавитыр, орфографиер, пунктуацэр зэхъуэкIыным и проектыр зыгъэхьэзырхэми яхэтщ БищIор. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» Хабзэр, Программэр зэхэзыгъэувахэм ящыщщи, щIэныгъэлI набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ ахэр зэрагъэзащIэм, абыхэм ятеухуауи КъБР-м и Парламентым и утыку зыбжанэрэ къыщыпсэлъащ. Бзэм, лъэпкъым и къэкIуэнум тещIыхьауэ ар куэдрэ къыщопсалъэ къэралпсо, дунейпсо зэхыхьэхэми.

Адыгэбзэр курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщадж щIыкIэхэми егъэпIейтей Борис. 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ ар яхэтщ 8-нэ, 9-нэ классхэм я учебникхэр къыдэзгъэкI гупым. Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал университетым и магистратурэм и студентхэм лингвистикэмкIэ лекцэхэм илъэс бжыгъэкIэ къахуеджащ. Борис КъБКъУ-ми АКъУ-ми доктор диссертацэ щыпхагъэкI я советхэм жыджэру хэтщ, абыхэм оппоненту къыщопсалъэ. ЩIэныгъэхэм я доктор БищIом и унафэм щIэту цIыху зыбжанэм ягъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ я кандидат диссертацэхэр. БзэщIэныгъэм дихьэх апхуэдэ аспирантхэр Борис ноби еунэтI.

Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ а лэжьыгъэхэм щIыгъуу БищIор дапщэщи хэтщ бзэм епха къэхутэныгъэхэм. Дызэрыхьа 2022 гъэм къриубыдэу абы къыдигъэкIыну и мурадщ БзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэм я урыс-адыгэ псалъалъэр. Адыгэбзэр зыджхэм нобэр къыздэсым бзэщIэныгъэхэм ехьэлIауэ къагъэсэбэп фIэщыгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хамэбзэхэм, псом хуэмыдэу урысыбзэм къыхэтхахэрщ. Зы кавказ лъэпкъи бгъуэтынкъым, подлежащэ, сказуемэ, дополненэ, определенэ, н.къ. хуэдэхэр жаIэу - абыхэм япэхъун термин Iэджэ щIауэ къагъэщIыжауэ яIэщ. Ар куэд лъандэрэ зи гуныкъуэгъуэ щIэныгъэлIым апхуэдэ фIэщыгъэцIэ системэ зэхилъхьащ, термин 1200-м щIигъу къызэщIиубыдэу. Ар зи унафэщI къудамэр апхуэдэу йолэжь Адыгэбзэ антонимхэм я псалъалъэм, хьэзырщ Адыгэбзэм и пэжырытхэ псалъалъэ инри. А лэжьыгъэхэр дунейм къытегъэхьэным текIуэдэну мылъкур зэрыщымыIэр лъэпощхьэпо ин къахуохъу щIэныгъэлIхэм. Япэу икIи нэхъыщхьэу а тхылъхэр къыщагъэсэбэпынур еджапIэхэр аращи, хъунут ахэр къыдэгъэкIыныр КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пщэ дилъхьэжатэмэ.

- Нэхъыщхьэ дыдэу мы зэманым зэрысектору дызэлэжьыр адыгэбзэм и академическэ грамматикэрщ. Мыр къызэредгъажьэрэ илъэситху мэхъу. И тхынри и редакцэри мы гъэм зэфIэдгъэкIынурэ, етIанэгъэ къыдэкIынущ, Тхьэм жиIэмэ, - жеIэ БищIом. - Ар адыгэбзэкIэ тхауэ щытынущ. Адыгэбзэ «къабзэкIэ» грамматикэ зэхэлъхьэным нэхъ лъэпощхьэпо хуэхъуу щыIэр лъэпкъ терминологие зэрыдимыIэр арати, зэрыжысIащи, ар къызэднэкIащ. Грамматикэм къыдэкIуэу нэгъабэ къетхьэжьащ нэгъуэщI зы лэжьыгъэшхуи - ар грамматикэм хэмыхьэ бзэщIэныгъэ къэхутэныгъэхэм ятеухуащ - лексикэм, фразеологием, щIыпIэбзэхэм, щIыпIэцIэхэм, н.къ. Ари адыгэбзэкIэ тхауэ щытынущ.

Щалъхуа и хэкум, къызыхэкIа лъэпкъым псэ хьэлэлу хуэлажьэ цIыху щыпкъэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэм зэфIигъэкI дэтхэнэ лэжьыгъэри щIыналъэм, лъэпкъым я зыужьыныгъэм хуэгъэпса хэлъхьэныгъэ инщ. Адыгэ лъэпкъым и ехъулIэныгъэм хуэунэтIауэ, шэч хэлъкъым, БищIом иджыри лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIынущ, Iуэхугъуэфl куэд зэфIихынущ. Апхуэдэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI цIэрыIуэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узыншэу иджыри куэдрэ псэуну, лъэпкъым, къэралым хуэлэжьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

Фэеплъ

# ЦIыху гуащIафIэ

## УнащIэ Розэ къызэралъхурэ нобэ илъэс 85-рэ ирокъу

**Адыгэхэм къагъэсэбэп «цIыху зэгъ» псалъэхэр, цIыхум и дуней тетыкIэм и зы Iыхьэ нэхъыщхьэ наIуэ къищIу. АтIэ, дрихьэлIэу пIэрэ куэд къээзыухъуреихьхэм еэзгъыу, ядэгъуэгурыкIуэфу, хуэшачэу? ГъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр, абы и лъапIэныгъэхэр къызыгурыIуэ цIыху Iущхэм ящыщ зыт КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа УнащIэ (Ныр) Розэ Назир и пхъур. Ар къызэралъхурэ нобэ илъэс 85-рэ ирокъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а ныбжьым нэсыным мазэ нэхъ къэмынауэ дунейм ехыжащ ар.**



ГУБЗЫГЪАГЪЭ къызыщIих нитIым, фэрыщIагъ хэмылъу къызэрыпщыгуфIыкIым, и зыIыгъыкIэм, апхуэдэуи нэрымылъагъу телъыджэ гуэрым къателыдыкIырт бзылъхугъэ псэ пIащIэм и дахагъэ псори. Илъэс 50-м щIигъукIэ ар пэрытащ фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм, и псэм хэлъ и библиотекэр щэнхабзэм и хъумапIэ, щIэныгъэм и къигъэхъуапIэ ищIын папщIэ хузэфIэкIи къигъэнакъым. КъызэгъэпэщакIуэ Iэззу, унафэщI губзыгъэу, лъэщу зэрыщытым къыдэкIуэу, ар икIи цIыху зэIухат, хэти дэIэпыкъуну хьэзырт, къыжраIэр зэхихырт икIи гупсэхуу дэтхэнэм и псалъи щIэдэIуфырт. ЩIэныгъэ библиотекэр университетым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэ зэрыхъуар, абы и лэжьакIуэхэр хъуэпсэгъуэу зэрызэкъуэувар зи фIыщIэр Розэщ. Ар библиотекэм щхьэкIэ зигурэ зилрэ уз, тхылъым къулыкъу хуэщIэным япэ зыри изымыгъэщ цIыхут. Нэхъыщхьэу абы хэлъа хьэл-щэнхэм ящыщ зыщ и псалъэмрэ и Iуэхумрэ сыт щыгъуи зэрызэтехуар - жиIакъэ, ищIэнут. Езыр зэрызыхуэткIиижым хуэдэут къээзыухъуреихьхэми зэрабгъэдэтыр. Захуагъэм и телъхьэт, я Iуэху еплъыкIэм пщIэ хуищIырт, я гуныкъуэгъуэ къыгурыIуэрт.

Телъыджэт абы и «кхъуафэжьейр» гъащIэ толъкъуным зэрыпхишыр. Абы хузэфIэкIащ зым ещхьу зи Iуэхум хуэIэижь, зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу гуп зэхуишэсын.

ЦIыхум и гъащIэр къызэрапщытэр къипсэуа илъэсхэм я куэдагъымкIэкъым. Жылагъуэм и лъытэныгъэхэр зыбжанэу зэщхьэщедз. Ар IэнатIэщ, цIэ лъапIэщ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэщ. Ауэ узэрылэжьа илъэсхэм къапэкIуэ тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр цIыхухэр къыпхуэарэзыныршщ. УнащIэ Розэ къыдэлажьэхэр икъукIэ зыхуэарэзы цIыху гуапэт.

Ирикъунущ уигу къэбгъэкIыжыну Розэ и юбилейм ирихьэлIэу Центральнэ библиотечно-информационнэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МГУ-м и ЦМК НБ-м и унафэщI Ивановэ Еленэ къыхуигъэхьа хъуэхъу тхыгъэр: «Уи лэжьыгъэр зэрыщыту зыхуэунэтIар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджэныгъэ IэнатIэр тхылъхэмрэ хъыбарегъащIэхэмкIэ къызэгъэпэщынращи, а лэжьыгъэ мытыншым ехъулIэныгъэшхуэ ущиIэщ. Дэ пщIэ пхудощI узыпэрыт Iуэхум щIэщыгъуэ куэд зэрыхэплъхьэм, уи IэщIагъэмрэ библиотекэ IэнатIэмрэ узэрыхуэпэжым папщIэ. Уи гуащIэмрэ уи акъылымрэ догъэщIагъуэри, тхьэм адэкIи ухущIигъэхьэ!»

ЗэгурыIуэ-зэдэIуэжу лажьэ гупым хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Розэ и унафэм щIэта библиотекэр апхуэдэт, сытым ехьэлIауэ Iуэху кърахьэжьэми, я унафэщI гумызагъэм и жыIэм щIэту зэфIагъэкIырт, къатемыхьэлъэу, дэрэжэгъуэ къариту.

Шэч хэмылъу, цIыхум и гъащIэ гъуэгуанэ хъунур япэщIыкIэ зыубзыхур ар къыщыхъуа унагъуэм илъ хуабагъэмрэ зэгурыIуэмрэщ. Апхуэдэ унагъуэщ Розэ къыщалъхуар, щапIар, нэхъыжьым и псалъэм пщIэ щиIэу, Iущыгъэ щызекIуэу, IуэхущIафэ дахэм и жьэгуу. Адыгэ хабзэр фIыуэ зыщIэ, Розэ и Iыхьлы Щэуей Мидэ мырат Ныркэ я унагъуэм теухуауэ жиIар: «Розэ къыщыхъуар адыгэ унагъуэшхуэщ. Абы и нэхъыжьт лэжьыгъэр фIыщэу зылъагъу и адэшхуэ Азэмэтрэ и анэшхуэ Iущ Линэрэ. Абы къыщыхъурт сабиибгъу. Хъыджэбз цIыкIум и адэ Назир Хэку зауэшхуэм IэщIихащ, кIэщIкIи и адэшхуэр дунейм ехыжащ. ИмыIэжхэм я къалэныр къалъысащ икIи Розэ зыхуей хуагъэныкъуакъым и анэшхуэ Линэрэ и адэ шыпхъу-адэ къуэшхэмрэ. Ныркэ я унагъуэр зэкъуэтт, исхэм пщIэшхуэ зэхуащIырт, зэхуэгуапэт. Розэ кIэщыIущ цIыкIур псоми драхьейрт. Ныркэ я унагъуэм къыхэкIащ егъэджакIуэу 8, Рози абыхэм яхэту. ИужькIэ ар зыхыхьа УнащIэхэ я унагъуэми абы щихъумэфащ къэзылъхуахэм къыхалъхьа дахагъэ псори».

ЦIыхур адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукIыр, абы и дахагъэр зэлъытар и Iэужьырщ. Розэ апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэу къилъытэрт анэ гумащIэ, анэшхуэ гуапэ зэрыхъуфар. Пасэу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ УнащIэ Хьэутийрэ Розэрэ къуэрэ пхъурэ зэдапIащ, къуэрылъху-пхъурылъхуу хы яIэщ. Я адэ-анэр щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэу зэрыщытар зыхалъхьащ абыхэм я бынхэм. Я къуэ Арсен илъэс 26-рэ фIэкIа мыхъуу техникэ щIэныгъэхэм я кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. Япхъу Iэсият дохутыр-наркологщ. Я нысэ Светэ еджапIэ нэхъыщхьэ къызэриухамкIэ дипломитI иIэщ. Къуэрылъху-пхъурылъхухэм ящыщу нэхъыжьищым - Назир, Азрэт, Саидэ сымэ - еджапIэ нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэ яIэу къаухащ, нэхъыщIэхэу Аскэр, Iэмырхъан, Фаридэ сымэ школым щIэсхэщ, хъарзынэу йоджэ.

Дэтхэнэ зы махуэри зэрылъапIэр зыщIэу псэуа Розэ цIыху насыпыфIэу зыкъилъытэжырт. Си щхьэкIэ абы ифI куэд къызэкIащ, и чэнджэщ щхьэпэхэр щIэчэ имыIэу къызихьэлIащ. Гуузщ апхуэдиз илъэскIэ къыпщхьэщыта нэхъыжьыфIыр пIэщIэкIыныр. Библиотекэм и лэжьакIуэхэр дропагэ шыIэныгъэ, жэуаплыныгъэ, цIыхугъэ, пэжыгъэ тхэлъу, ди гур зэIухауэ дызэдэлажьэу дезыгъэса УнащIэ Розэ хуэдэ унафэщIым и нэIэм дыщIэтыну Iэмал дызэриIам. Дыхуэарэзыщ, Тхьэр арэзы къыхухъу!

**БОРЭН Мадинэ**,
*педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат,*
*КъБКъУ-м и библиотекэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ.*

ТхылъыщIэ

# Лъэпкъ щIэныгъэм и къигъэхъуапIэ

***Адыгэхэм ящыщу «Мимэ» уэрэдыр зэхэзымыха куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. И къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэр щигъэджэгукIэ, анэшхуэм куэд дыдэрэ мы псалъэхэр хилъхьэурэ жиIэрт:***

**Мимэ, мимэ,**
**Мимэ и анэр мэлъаIуэ,**
**Ар щIэлъаIуэр джэд къуртщ,**
**Джэд къуртыжьыр**
**мэгъуалъхьэ,**
**Вагъуэм пэбжу къреш,**
**Удзым и пэбжу ирешажьэ,**
**Хьэ мэшыпэм ныхешэ,**
**Шупсанэпкъым щощыпэ,**
**ПкъынэфафIэм хощыпыхь,**
**Хьэч лъабжьэм щIешэ,**
**ШэщIыдэм зыщеухь.**
**Чы пыIэ цIыкIу**
**щыгътэкъэ-тIэ?**
**Чы пыIэр къыщенэ,**
**Нанэ макIуэри мэшынэ,**
**Дадэ макIуэри мэшынэ,**
**Мимэ макIуэри къехьыж.**

МЫ ЕДЗЫГЪУЭ цIыкIур дигу къээзыгъэкIыжар адыгэбзэм и лъащIэр зэрыкуур, бэ къиIуатэу зэрыщытыр кърицгъэлъэгъуэн къудей щхьэкIэкъым. АтIэ адыгэм и гулъытэм къиубыду щыта щIэныгъэр зэрыкъуэпсыбэр, зым зимыдзмэ, адрейр къыдэжынкIэ Iэмал зэримыIэм фи нэIэ тредгъэдзэн щхьэкIэщ. Лъэпкъ гупсысэкIэм цIыху гъэсар и нэгу къызэрыщIыхьэр ар зыхэпсэукI щIыуэпсым къыгуэхыпIэ имыIэу зэрыхэтымкIэт, зытет дунейм зэрыхущытыр зэщымыкъуэу зэрызэрихьэмкIэт. «ЩIым башкIэ уемыуэ, ар магъ, зегъэгусэ», – жызыIа лъэпкъым и хъуреягъкIэ къекIуэкIым псэ хэлъу къилъытэу, хуэсакъыу щытащ, абы и фIыгъэкIи дахагъэ куэд къигъэщIащ. Апхуэдэщ лъэпкъым къигъэIурыщIэ къэкIыгъэ дунейм и дахагъыр. Уэрэдми къиIуатэр аращ – псори зэпхащ.

УблапIэм зыщIедгъэукъуэдиям щхьэусыгъуэ хуэхъуащ къэкIыгъэ дунейм и зы ныбз дытригъаплъэу иджыблагъэ къыдэкIа тхылъ гъэщIэгъуэныр. «ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ ботаникэмрэ епха фIэщыгъэхэм я урыс-адыгэ-латин псалъалъэ. КъэкIыгъэхэм я гуэшыкIэм епха Iуэхугъуэхэр» - аращ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик Щхьэгъэпсо Сэфарбий и Iэдакъэ къыщIэкIа къэхутэныгъэм зэреджэр. И фIэщыгъэ къудейм къегъэлъагъуэ абы и гъэхьэзырыным илъэс куэд зэрихьар, щIэныгъэм къигъэув пщалъэхэм фIэщыгъэхэр игъэзэгъэным, абыхэм ящыщ дэтхэнэми пэджэж латин псалъэр къэгъуэтыным къаруушхуэ зэрытекIуэдар.

Щхьэгъэпсом ди пащхьэ кърилъхьа псалъалъэр щIэныгъэм лъагъуэ щхьэхуэ щыхэзыш лэжьыгъэщ. Япэрауэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуауэ щыIэ къэралыгъуэ хабзэхэм щIэныгъэр къежьапIэ зэрахуэхъур къигъэлъагъуэу, псалъалъэм хиубыдэ фIэщыгъэхэр Дунейпсо ботаникэ хабзэм тету зэкIэлъегъакIуэ. Мыбы мыхьэнэшхуэ иIэщ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэр зыщыщыр убзыхунымкIэ, щхьэж и увыпIэ хэха егъэгъуэтынымкIэ. Адыгэм дыкъэзыухъуреихь дунейм мыхьэнэуэ иритым, ар зэрызэрихьэу щыта щIыкIэхэм ущымыгъуазэу, лъапIэу къилъытэр, хущхъуэу къыхихыр, зыхуэсакъыпкъэу игъэувыр умыщIэмэ, щIэныгъэу епхам ущымыгъуазэмэ, унафи хабзи къыпхуэщтэнукъым, къэкIыгъэхэр пхуэхъумэнкIи укIэлъыплъыфынкIи Iэмал иIэкъым. Адыгэм и къэкIыгъэ дунейр жыпхъэ пыухыкIам изыгъэувэ мы псалъалъэмрэ абы тещIыхьа къэхутэныгъэмрэ къызэрымыкIуэу щхьэпэщ щIыналъэм къыщащтэнкIэ хъуну унафэхэр захуэм тешэнымкIэ, абы и щхьэпэ зыхэлъхэр къэралым къегъэлъытэнымкIэ.




Сэфарбий и лэжьыгъэр адыгэ щIэныгъэм и зы унэтIыныгъэщIэщ. Абы тегъэщIапIэ ещI Дунейпсо ботаникэ хабзэр, урысыбзэкIэ жыпIэмэ, Международный кодекс ботанической номенклатуры (МКБН). Абы, шэч хэмылъу, лэжьыгъэм и пщIэр фIыуэ къеIэт.

Дунейпсо ботаникэ хабзэм ипкъ иткIэ, къэкIыгъэхэр зыхиубыдэ гупышхуэм, къудамэ (отдел) жыхуаIэм, «-phytae» кIэухыр иIэн хуейщ. Абы урысыбзэм «-ные» кIэухыр щиIэщ. Адыгэ ботаникэ щIэныгъэм ипэкIэ къэмыхъуауэ абы щIэныгъэлIым щыпегъэув «-хэ» пкъыгъуэр. Псалъэм папщIэ: Polypodiophytae - Папоротниковидные - Енэбхэ, Bryophytae - Моховидные - Лыцхэ. А хабзэм къызэригъэувымкIэ, лъэпкъыцIэхэм (семейство) я латиныбзэм «-aceae», егъуэт, урсыбзэм «-вые» кIэухыр щагъуэт. Адыгэбзэ фIэщыгъэхэм куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ «-хэ-» суффиксым «-р» кIэухыр къыпоувэ: Cyperaceae - Осоковые - Ащтымхэр, Paeoniaceae - Пионовые - Напэлэхэр. АдэкIэ лъэпкъыгъуэхэр (род жыхуаIэр), лIэужьыгъуэхэр (видкIэ зэджэр) къыхегъэкI. Арыххэуи, лъэпкъ щIэныгъэм иджыри къыщымыхъуауэ, къэкIыгъэцIэхэр зыщыщкIэ зэщхьэщыгъэкIа мэхъу.

ЕтIуанэрауэ, ботаникэ щIэныгъэм тету зэхэлъхьа хъуа псалъалъэм къэкIыгъэцIэхэм теухуауэ щыIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр, зэтемыхуэныгъэхэр егъэкIуэд. Дызэрыщыгъуазэщи, нобэр къыздэсым къыдэкIа адыгэбзэ псалъалъэхэм нэхъыбэрэ бзэм ущыхуэзэ къэкIыгъэцIэ бжыгъэ хъарзынэ къызэщIаубыдэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм къагъэлъагъуэ къэкIыгъэр зыщыщрэ зэхьэлIакIэ щызэхэмыгъэкIар нэхъыбэщ, зэрызэдзэкIам пхэнжыгъэ къыщыхэкI щыIэщ, псалъэхэм я тхыкIэми арэзы укъыщимыщI къохъу. Ахэр зэгъэзэхуэжыныр къалэн зыщимыщIыжми, мы псалъалъэм а щыщIэныгъэр зыкъомкIэ зэригъэзэхуэжу жыпIэ хъунущ.

Псалъалъэм, къызэрытлъытамкIэ, фIэщыгъэ минрэ щитIым щIигъу къызэщIиубыдащ. Абы хохьэ иджыри къыздэсым зэи утыку имыхьауэ щIыуэпсыр хъумэнымрэ ботаникэмкIэ епха, пщIы бжыгъэ хъу адыгэбзэ фIэщыгъэхэмрэ гурыIуэныгъэщIэхэмрэ. Iыхьищу зэхэт лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ къэкIыгъэцIэхэр гуп-гупурэ зэрызэщхьэщыкIым, къэкIыгъэхэр пкъыгъуэкIэ, щIыуэпсым щиIыгъ увыпIэкIэ, зэрыщыIэ-зэрыпсэу елъытакIэ зэрызэхэдзам.

НэгъуэщI зы гъэщIэгъуэнми гу лъытапхъэщ. КъэкIыгъэцIэхэр «щыIэщ» жиIэу псалъалъэм къыщигъэлъагъуэ къудей мыхъуу, Iэмал здиIэм деж а фIэщыгъэхэм уащыхуэзэ IуэрыIуэтэ щапхъэхэр (жыIэгъуэхэр, псалъафэхэр, псалъэжьхэр, псалъэухахэр) псалъэ абгъуэхэм деж къащыхуехь. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лэжьыгъэр зейм къэкIыгъэцIэхэр бзэм хеухуэнэж, ар зы лъэныкъуэкIэ, цIыхум и гъащIэм гуэх имыIэу, и гулъытэ къэгъэщIыгъэхэм къэкIыгъэхэм щIыпIэшхуэ щаубыду зэрыщытар нэрылъагъу ещI, ар нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий и лэжьыгъэр ЩIэныгъэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием къыхилъхьа, томипщIу зэхэт «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр» проектым ипкъ иткIэ дунейм къытехьащ. Зи хуэдэ щымыIэ лэжьыгъэшхуэм къызэщIеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсым и беягъым, и Iуэху зытетым, ар зэрызэрахьэм теухуа къэхутэныгъэхэр. Проектыр щIэныгъэм и лъагапIэм удэзыш ехъулIэныгъэу зэрыщытым къыдэкIуэу, щIыуэпсыр зехьэнымкIэ щыIэ Iуэхугъуэ зэIумыбзхэм я хэкIыпIэхэр къэзылъыхъуэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIауэ гупсысэ щхьэпэхэр щызэхуэхьэса къэхутэныгъэуи утыку къохьэ.

Шэч хэлъкъым, Щхьэгъэпсо Сэфарбий и лэжьыгъэшхуэм щIэупщIэ зэриIэнуми, лъэпкъ щIэныгъэм и къигъэхъуапIэ бэлыхь зэрыхъунуми. БзэщIэныгъэлэжь гуэрым жиIэгъат: «Бзэм псалъэ пщыкIутху фIэкIа хэмытми, ар дунейм и хъугъуэфIыгъуэщ», – жиIэри. ЩIэныгъэм и Iэгум къихутэжа къэкIыгъэцIэхэм къытхузэIуах дунейм тхыдэри, IуэрыIуатэри, лъэпкъ гупсысэкIэри къызэщIаубыдэ, икIи, пцIы зыхэмылъращи, ар зи щыIэныгъэм хэзыухуэнэф лъэпкъыр ехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. Лъэпкъым тыгъэ лъапIэр къыхуэзыщIа щIэныгъэлIыми дяпэкIи ехъуэлIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьэну ди гуапэщ.

Мы зыри щIыгъужыпхъэщ. Псалъалъэр яхуэщхьэпэнущ адыгэбзэр зыджхэми, ар езыгъэджхэми, абы ирилажьэхэми, анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэ зыми. Ди бзэм зиужьыну, ефIэкIуэну дыхуеймэ, псалъэр къэтпсэлъ къудейкIэ зэфIэкIынукъым, абы и щIыб къыдэлъ щIэныгъэри къэдгъэIурыщIэфын хуейщ. Мы псалъалъэр а Iуэхугъуэм зэрытелажьэм шэч хэлъкъым.

**ТАБЫЩ Мурат.**

Щапхъэ

# Зи зэфIэкIыр лъагэ

**Зыхэпсэукl зэманым, гъащIэм жыджэру хэтхэр, дзыхь къыхуащI IэнатIэр егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным гурэ псэкIэ хущIэкъухэр, ди гуапэ зэрыхъущи, куэду яхэтщ иджырей щIалэгъуалэм. Апхуэдэ цIыхухэм ящыщщ Аргудан къуажэм дэт курыт школ №3-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, абы и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа, зэхэщIыкI куу зиIэ хэкупсэ нэс Мэшыкъуэ Радимэ.**



АРГУДАН дэт курыт школ №2-р ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Радимэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, школым щыщIэса илъэсхэм ар дапщэщи щIэхъуэпсу щытащ юрист IэщIагъэр зригъэгъуэтыным, арщхьэкIэ класс нэхъыжьхэм щIэсу ар нэхъыбэу дахэх хъуащ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ икIи мурад ищIащ абыхэм нэхъ куууэ хуеджэну. ЗэрыжиIэмкIэ, абыкIэ щапхъэ хуэхъуащ а дерсхэмкIэ егъэджакIуэу иIа ПхытIыкI Лусэ. А бзылъхугъэ псэ къабзэм, егъэджакIуэ нэсым къыбгъэдилъхьа щIэныгъэфIым и фIыгъэщ КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм Радимэ лъэпощхьэпо хэмылъу зэрыщIэтIысхьэфари.

Курыт школым щIэныгъэ лъабжьэфI щызыгъэтIылъа пщащэр адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щIыналъэпсо олимпиадэм щытекIуэри, ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм и студенткэ хъуащ. Еджэным къыдэкIуэу, университетым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэту, студент илъэсхэр купщIафIэу ирихьэкIащ Радимэ. ФIыуэ илъэгъуа IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, абы и япэ лэжьыгъэ лъэбакъуэхэр щичащ езыр щеджа, Аргудан жылэм дэт курыт школ №2-м.

Абы лъандэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу зэи къэхъуакъым гурэ псэкIэ къыхиха и IэщIагъэм Радимэ щыхущIегъуэжа, щытезэша. КъыгурыIуэрт узыщеджа школым къэбгъэзэжу щIэныгъэ къозыта егъэджакIуэхэм уабгъурыувэу дерсхэр птыным жэуаплыныгъэ хэха зэрыпыщIар. Ар и гуращэу, егъэджакIуэ ныбжьыщIэр дапщэщи хущIэкъуащ абыхэм яхуэфащэу щытыным, и лэжьыгъэри къызыхуэтыншэу зэрырихьэкIыным. МэшыкъуэмкIэ гъэсэнхэр жыджэру хэтщ районым, республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм. Абыхэм увыпIэфIхэр щIэх-щIэхыурэ къыщахь «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм, зэфIэкI лъагэхэр къыщагъэлъагъуэу.

- Дэтхэнэ егъэджакIуэми и пщэм дапщэщи къалэнышхуэ дэлъщ щIэблэр гъэсэнымкIэ, абы щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ, арщхьэкIэ анэдэлъхубзэхэр езыгъэджхэм а псоми я лейуэ сабийм бгъэдалъхьэ лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, нэмысыр, - къыхегъэщ Радимэ. - Ди сабийхэм зэрыадыгэр я гум илъу, абы иригушхуэу, ирипагэу, нэхъыщхьэращи, анэдэлъхубзэр яIурылъу къэгъэтэджыныр лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхуу къызолъытэ. Апхуэдэ гупсысэ зиIэ щIэблэ къызыщIэхъуэ лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэнуми шэч къытесхьэркъым.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэм папщIэ унафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, егъэджакIуэ Iэзэм, адыгэбзэр зи псэм хэлъ бзылъхугъэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкiэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ IэнатIэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Ар хъуащ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм и лауреат, щытекIуащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа «Егъэджэныгъэ» проектым ипкъ иткIэ екIуэкI къэралпсо зэпеуэм. Абыхэм иджыблагъэ къахэхъуащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыбгъэдэкIа фIыщIэ тхылъыр. Нэхъыщхьэращи, Мэшыкъуэм зэфIих лэжьыгъэфIхэм къапэкIуащ зыдэлажьэ гупым, еджакIуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм къыхуащI пщIэмрэ нэмысымрэ.

И ныбжькIэ щIалэми, Радимэ дунейм, гъащIэм и зэхэлъыкIэм хэзыщIыкI цIыху набдзэгубдзаплъэщ. Ар къыбгъэрIуэ и къалэмыпэм къыпыкI усэхэм уахэплъа нэужь. Ахэр ятеухуащ цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, цIыхубзэпсо лъапIэныгъэхэм, гурыгъугурыщIэхэм.

Илъэсыщ1э дызытехьэмкIэ ди гуапэу дохъуэхъу фIым хуэлажьэ, Iэужь дахэ зиIэ бзылъхугъэ цIыкIум. Узыншагъэ иIэу, и ехъулIэныгъэхэм хигъахъуэ зэпыту, насыпрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу псэуну ди гуапэщ.

Радимэ и усэхэм ящыщ зыбжани ди щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ нобэ идолъхьэ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

### Узохыж сэлам!

Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ!
Гуауэрэ гукъеуэкIэ гъэнщIа.
Сабиигъуэ IэфIыр сIэщIэзыхыу
Балигъ гъащIэр дыдж къысщызыщIа.
Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ!
Зеиншэныр натIэ схуэзыщIа.
Гуауэмрэ гухэщIымрэ якъуэу
Гур къигъыкIыу сыкъэзыгъэна
Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ!
ЖэщкIэрэ гъыбзэшхуэ къысщисша.
ГущIэм зыкъигъаззэми, сыгуфIэу
ФэрыщIыным сэ сезыгъэса.
Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ!
ЦIыху пцIыупсыр куэду зыхэта.
Фыгъуэ-ижэм гъуэгу щрагъэгъуэту
Мыхъумыщ1агъэ гуэрхэр щалэжьа!
Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ!
ЦIыхуфI куэд цIыхугъэ щысхуэхъуа.
Я гур къабзэу, псэкIэ схуэгумащIэу
Къару мыкIуэщIыж къысхэзылъхьа!
Узохыж сэлам, си блэкIа гъащIэ,
ФIым сыгугъэу, Iейр уэ сщхьэщыпхащ.
СыныппоплъэIуэ, си къэкIуэн гъащIэ,
Насып защIэу Тхьэм схуэзэIуиха!
ФIеягъэу гъащIэм щыпщIэфами,
Хуэфэщэн уасэ Тхьэм хуищIащ.
Укъэмылындыжу лей зепхьами,
Бэгъуауэ уэ уIущIэжащ

### ГъащIэ гъуэгу кIыхь къызэпыпчами...

ГъащIэ гъуэгу кIыхь къызэпыпчами,
Хъуэпсэгъуэу махуэ хэмыта,
ФIыцIагъэу уи гум щыхэпсами,
Уи гъуэгум тетыр къемыла.
ФэрыщIу цIыху узыхуэгуфIэм,
И щIыб уи фIейр уэ дэплъхьэфащ.
УгуфIэу IэплIэр уэ зэпшэкIым
ХэпIуну сэр Iэм IэщIэлъащ.
ХуиIакъым зыми гущIэгъу ласкIэ,
Нэхъапэ мылъкур ибгъэщащ.
Къозыгъэлъагъум ахъшэ кIапэ,
Уи напэр сомкIэ епщэжащ.
ГъащIэ гъуэгу кIыхь къызэпыпчами,
Кунэфу псори къыщIэкIащ.
УахуэмыфащэIу лъэпкъи жыли,
Къыпщымэхъашэу укъэсащ.

### Ахъшэ

Сы гуащIэ мащIэщ уэлъытауэ,
Збгъэдэлъу щытми сэ акъыл.
Сыхуейщ слъагъуну уикIуэтауэ,
АрщхьэкIэ сытыр си Iэмал?
ЩIэныгъэм слъэкIыр хызогъахъуэ,
КъысфIэщIу Iэщэ ар схуэхъун.
ЩIэр блэзмыгъэкIыу зызогъащIэ,
АрщхьэкIэ уэ ар къыптекIуэн?
Ибот утыку зыхуэмыфащэм,
Уэ уи Iэмырым хэт фIэкIын?
ЗыгъуэтыIр жьантIэр уи IэмалкIэ
ЩыIэн зыгуэр щIэшынэжын.
ЩIэгъэбыдамэ уэркIэ Iуэхур,
Къэхъункъым ар щыбгъунлъэжын,
Зымыгъэхъейри акъылышхуэ,
Уэ уIэщIэлъэм, мыкIуэдын.
Къарууэ щыIэм я нэхъ иныр
Зи жыпым изым утекIуэн?
Зи сомыр зи щхьэм елъэпIэкIым
Пэжыгъэ лъэпкъ щумыгъуэтын!!!

### Сыхуейкъым...

Сыхуейкъым сиIэну ныбжьэгъу,
Хъужунумэ ар си къуэшэгъу.
Хуей хъумэ къыскъуэувэн,
ЛъэкIынумэ мылъкукIэ сищэн.
Сыхуейкъым сиIэну гъунэгъу,
Схуэхъунумэ ар ныкъуэкъуэгъу.
Гузавэу Iэр хуэсшиямэ,
ФIэфIыну мащэ сихуамэ.
Сыхуейкъым сиIэну Iыхьлы,
ГъащIэм ищIау Iэмалшы.
ЩIитIэну хьэзыру и благъэр,
Илъагъумэ и Iуэхур нэхъ лъагъу.
Сыхуейкъым сиIэну сэ гъащIэ,
СымыщIэу къихьыр си гуащIэ.
ЩысщIынум цIыхур си бий,
Iэпкълъэпкъыр абдеж щредий.

КъБР-100





# Гур зыгъэхуабэ, гъуэгур зыгъэнэху

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 щрикъум ущытепсэлъыхькIэ, япэ зи цIэ къиIуэн хуейхэм ящыщщ лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, ар ипэкIэ зыгъэкIуэтэфа, усыгъэм езым и гъуэгу щызыубзыхуфа ЩоджэнцIыкIу Алий Iэсхьэд и къуэр. Ди щIыналъэм и тхыдэм лъэужь дахэ, нэху къыхуэзыгъэна а цIыху щэджащэм и гъащIэмрэ литературэ лэжьыгъэмрэ ятеухуа псори жаIа, ятха хуэдэщ, итIани, адыгэ уафэм вагъуэ мыухыжыхыжу къыщыблэ а нурым иджыри зы налъэ лыд къыхэхъуащ. Ар зи фIыгъэри и адэм и адэшхуэм лъагъуныгъэ нэху хуиIэу дунейм тет бзылъхугъэ щыпкъэ цIыкIурщ - ХьэкIуащэ Инарэ Аслъэн и пхъурщ. Инарэ къигъуэтащ Алий и сурэт, ипэкIэ зэи зыщIыпIи щамылъэгъуауэ.**

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий и творчествэр джыным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа еджагъэшхуэ, профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Андрей зэрыжиIэмкIэ, усакIуэ цIэрыIуэм и сурэту иджыри къэс дызыщыгъуазэхэм яхэткъым Инарэ къиугъуеям хуэдэ. Унагъуэм яхэсу, и бынхэм ящIыгъуу щыIэ сурэтхэр мыхъумэ, езы Алий и закъуэу зэрыт сурэту псоми ди нэгу къыщIыхьэр, къызэрыщIэкIымкIэ, абыхэм тращIыкIыжауэ, зэрагъэзэхуэжауэ аращ.

- Си къуэрылъху пщащэм къигъуэта сурэтыр Алий и сурэт тIыхухэм куэдкIэ къащхьэщыкIыркъым, атIэми аращ усакIуэшхуэм и сурэт пэжыр, ар зэрыщыта дыдэр къэзыгъэлъагъуэр, - жеIэ Андрей. - Псом нэхърэ нэхъыбэу си гуапэ хъур ди лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм гурэ псэкIэ дахэх щIалэгъуалэ куэд адыгэм къызэрытхэкIырщ. Ар фIыгъуэшхуэщ. Сэ абы сропагэ икIи срогушхуэ.

Алий и сурэтыщIэр къэзыгъуэта Инарэ и IэщIагъэкIэ дохутырщ, кардиологщ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Москва ординатурэми и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Зыхуеджа IэщIагъэмкIэ IэнатIэ зэрыпэрыувэрэ куэд дэмыкIами, и цIэр фIыкIэ ди щIыналъэм щыIуну хунэсащ. 2021 гъэм абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм щIэныгъэмрэ инновацэмкIэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ ягъэува саугъэтыр. Медицинэ къэхутэныгъэхэм дахэх, абыкIэ зэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъагъуэ Инарэ, шэч хэмылъу, дохутыр Iэзэ къыхэкIынущ, и анэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Нэлжан (Еленэ) Алий и пхъум, и адэ-анэу Аслъэнрэ Равидэрэ я щапхъэ дахэм тету, ахэр и гъуэгугъэлъагъуэу.

Лэжьыгъэ IэнатIэр никъусаныгъэншэу зэрырихьэкIым, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ купщIафIэхэр ехъулIэныгъэкIэ зэригугъэкIуэкIым къадэкIуэу, Инарэ хуабжьу дехьэх лъэпкъ литературэм, тхыдэм, гъуазджэм. Езым и къаруrэ зэфIэкIкIэ Инарэ трихакIэщ фильм зыбжанэ, и анэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Нэлжан (Еленэ), и адэм и адэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий, и адэшхуэ Бэрсэдж Владимир сымэ ятеухуауэ. Ахэр цIэрыIуэ щыхъуащ Интернетым и YouTube напэкIуэцIым, лъэпкъ телевиденэмкIэ фильмхэм еплъахэми гунэс ящыхъуащ.

- Сызыхуеджа дохутыр IэщIагъэр фIыуэ солъагъу, ар гурэ псэкIэ къыхэсхащ икIи сфIэфIу сролажьэ. Апхуэдэу сыдахэх тхыдэм, литературэм. Ахэр я фIыгъэу къызолъытэ адыгэ литературэр джыным зи гъащIэ псор тыхь хуэзыща си адэшхуэ ХьэкIуащэ Андрейрэ си адэ шыпхъу Мадинэрэ. Дадэ жиIэу зэхэсхат Алий и сурэт тэмэму зэрыщымыIэри, ар си гуращэу къэслъыхъуэрт. Сурэтыр Урысей этнографие музейм къыщыщызгъуэтам щыгъуэ, унагъуэм гухэхъуэу диIар инт. Алий и сурэтыр музейм иратауэ щытащ езыр иджыри псэууэ: 1939 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм и 19-м, - жеIэ Инарэ. - Сэ сщIэркъым ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеухуа Iуэхугъуэ гуэрхэр мыджауэ иджыри къэнами, атIэми гузэгъэгъуэ згъуэтащ сэ слъэкIыну IыхьэмкIэ а лэжьыгъэм сызэрыхэувамкIэ. И псэр Тхьэм щигъэгуфIыкI! Алий и сурэтыщIэм и нэгум кърих нурым, гуапагъэм, хуабагъым адыгэхэм ди щIэблэ куэдым я гъуэгур игъэнэхуну, я гур игъэхуабэну Тхьэм жиIэ!

ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу Тхьэгъэзэт Зубер итха сатырхэм я купщIэм хуокIуэ ХьэкIуащэ Инарэ и псалъэхэр. ИпэжыпIэкIэ, Алий и «...уэрэд Iущу псэм фIэщIэщыгъуэр Къыщолур ди лъахэм - зэпымыуж. Ухъуащ, Алий, уэ лъэпкъым и вагъуэ, - Лъэпкъым и вагъуэр зэи имыж».

ХьэкIуащэ Инарэ хуэдэу зи лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр зылъытэ щIалэгъуалэ адыгэм къытщIэувэху, Алий хуэдэ щэджащэхэм я вагъуэхэр ди лъэпкъым куэдрэ яхуэблэнщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЛIым я лейуэ Шырыхъукъуэ Дыгъужь

**Зэгуэрым, Къэшпсынэ щIыпIэм деж, нобэ Крымскэ жыхуаIэ станицэм и щIыбкIэ, щекIуэкIа зауэ гуащIэм хахуэу зыщызыгъэлъэгъуа Шырыхъукъуэ Дыгъужь и зыгъэзэкIэр зи нэгу щIэкIахэм хьэлэмэтлажьэ къащыхъуат. Бытырбыху къикIауэ зы дзэпщ лъэрызехьэ гуэр абдеж щыIэти, кIэлъигъэкIуащ, Къэшпсынащхьэ деж дыщызэпсэлъэну къыдэкI, жиIэри. Дыгъужь мыхъун къыхигъэкIакъым, къыхуаIуэхуа пIалъэм ирихьэлIэу Псынащхьэм къекIуэлIащ. Урыс дзэпщым лIыхъужьыр къилъытащ, къигъэфIащ, пщIэ зэрыхуищIыр къыхэщыуи купщIафIэу къепсэлъащ.**

**- Пащтыхьым и дзэм кIэ ептыну жысIэркъым, ауэ си зы зауэлI гуэрым и шэ уэ пхуэдэлI зэрихьынур гукъеуэ сщохъу, - жиIащ дзэпщым. - УзыфIэмыкIынум зегъэзэгъи, къытхыхьэ. ЩIы уэстынущ, унэ пхуисщIыхьынущ, ауэ къахэкI мыбыхэми, дэ къытхыхьэ, зумыгъэукI. Хьэуэ, жыпIэрэ, Истамбыл икIыж...**

**- Уи зауэлIхэм я шэм сихьыну жысIэркъым, - жиIащ Шырыхъукъуэ Дыгъужь. - Си псэ пытыху сыкъызыхэбгъэкIыну лъэпкъым и гъусэу сызэуэнущ. Лъыуэ дгъажэм хуэдиз къару дызытет щIым къытхелъхьэж. Сыт жысIэу сызэрепцIыжынур? Напэр-щэ? Сыкъэзылъхуа адэ-анэр дауэ хъуну? Лъэпкъым дапхуэдэу сыкъызэрыщыхъунур?**

**Ар жиIэри, Дыгъужь къызыхимыгъэщын и гугъами, хущIэуфакъым, зылъэгъуахэм яIуэтэжащ: и нэпс къудамэ къыщIэжащ. Адыгэхэм «цIыхухъу нэпс» жаIэ. Апхуэдэт ар - зилыгъуэжу, узыпхрисыкIыу, гуащIэу. Дунеижьыр зэуэ щым хъуат, жаIэ, зы пси щымыдымыжу зызэщIаущэхуат. Дзэпщыр Шырыхъукъуэ Дыгъужь къеплъри, жиIащ:**

**- Уэ уи лIыгъэм хуэдэ зыхэлъ дэ дгъуэтынкъым, ауэ пкIуэцIылъ гум хуэдэ зыкIуэцIылъу цIыхуипщI диIатэмэ, мы дызыхэт къэзэуатми дыхэтынтэкъым, мыпхуэдиз лъыгъажи дгъэжэнтэкъым. Ущхьэхуитщ, Дыгъужь, гъуэгу махуэ!**

**Дзэпщым къызэриIуэхуар мышынэу Шырыхъукъуэм жезыIэфам я цIэри тхыдэм къыхэнащ: АхэджакIуэ Талъустэн, Бастэкъуэ Нэгъуей, Емызэгъ Хьэсэн сымэщ.**

АДЫГЭ хъыбарыжьхэмрэ тхыдэжьхэмрэ фIыуэ щыгъуазэу, уэрэд бжыгъэншэхэр гукIэ къезыхьэкIыу дунейм тета нэхъыжьыфI, къэIуэтэжакIуэ цIэрыIуэ АкIэIу Пэзадэ, хущIыхьэгъуэ щигъуэткIэ, и щIэныгъэм щыщ гуэрхэр и къуэрылъхухэм щаригъэтхыж къэхъурт. НобэкIэ а Iэрытххэр лъэпкъ щIэныгъэм и къигъэхъуапIэщ жыпIэмэ ущымыуэну лъапIэщ, и нэхъыбэри КIэрашэ Тембот и цIэр зэрихьэу Мейкъуапэ дэт гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и архивым щахъумэ. КъыщыщIэбдзэнур умыщIэу гъэщIэгъуэн защIэщ АкIэIум къыщIэна Iэрытххэр. Зым и дежи нобэ щызэхыумыхыжын къуажэ хъыбархэм щегъэжьауэ зи хуэдэ щымыIэ нарт пшыналъэхэмрэ тхыдэжьхэмрэ щыщIэкIыжу абы хэмылъ щIагъуэ щыIэкъым, дэтхэнэри лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ гъэсэпэтхыдэхэмрэ ущиехэмкIэ гъэнщIащ, тхыдэ щIэныгъэми лъагъуэхэш хъарзынэ хуохъу.

Зэгуэрым АкIэIу Пэзадэ уэршэракIуэ къыхуэкIуа и гъунэгъу щIалэхэр къелъэIуат Урыс-Кавказ зауэм хэтауэ, зэрихьа лIыхъужьыгъэмкIэ адыгэм и щIэж къыхэнэн хуейуэ яхуигъэфащэу цIыхуищэм я цIэ къриIуэну. КъызэраIуэтэжымкIэ, Пэзадэ щIалэхэр куэдрэ зригъэлъэIуакъым, кърибжэкIыну лIыхъужьхэм я цIэри хэплъэу зригъэзэхуакъым. Жьы Iурыхьэгъуэ имыхуэу, Пэзадэ адыгэ лIыхъужьищэрэ зым я цIэр зэкIэлъигъэкIуауэ щытащ. Мы тхыгъэр зытеухуа Шырыхъукъуэ Дыгъужь и цIэр ещанэу къриIуэгъат Пэзадэ. Адыгэ тхыдэм лъэужьышхуэу къыщызыгъэна Шырыхъукъуэ Дыгъужь и цIэр къэгъэнауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, и IуэхущIафэхэр зыхуэдам, лIыхъужьыгъэу зэрихьам теухуауэ иджырей щIэблэм ищIэ щыIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, адыгэ лIыхъужь уэрэдхэми, къебжэкIхэми, усэхэми куэд дыдэрэ къыхохуэ. Дыгъужь и цIэм ущрихьэлIэр хэгъэгу тхыгъэхэм я закъуэкъым, атIэ абы и гугъу къыщыхощ хамэбзэкIэ тха тхыгъэхэм, къэрал тхылъымпIэхэм, ди щIыналъэм къэкIуэгъа тIасхъэщIэххэм я гукъэкIыжхэм.

Адыгэ Хэкум илъэсищкIэ ита инджылыз сатуущIэ цIэрыIуэ Белл



Джеймс и нэгу щIэкIахэм ящыщу нэхъ хьэлэмэтлажьэ къыщыхъуахэр щитхыжа и тхылъым мыпхуэдэу щыжеIэ: «Зи сщыгъупщэркъым Шырыхъукъуэ Дыгъужьрэ Жамболэтрэ я хъыбарыр. ЗауэлI щитху хъу пащтыхьыдзэм уащхъуэдэмыщхъуэу къатеуэу хьэлэчыпцIэр зэрыхалъхьам, езыхэри а зауэм хэкIуэда къафIэщIами, зы уIэгъэ ятемылъу зэрагъэзэжам и хъыбарыр Пщадэ къикIыжахэм къытхуаIуэтэжащ», - жери.

НэгъуэщI щIыпIэм деж Белл щетх: «Урысыдзэр зытес пщыIэм гъунэгъу къыхуэхъу адыгэ шур къыщыслъагъум, егъэлеяуэ згъэщIэгъуат. Фочауэгъуэ хуэдиз фIэкIа къэмынэжу дзэ пщыIэм къэблэгъа шууейм зэуэ зыщIидзри, топибл здэщыту къэслъыта утыкум къыщепсыхащ, къыпэплъэ шынагъэри хъымпIар имыщIу абдеж хуэмурэ ирикIукIыу хуежьащ. Шууейм Iэгъуэблагъэр къихутэу арат. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар Шырыхъукъуэ Дыгъужьт... Шууейр лIы ест, тIэкIу мащIэу лъапэ лъагэу пIэрэ жыпIэну, и зыIыгъыкIэм зэрышыщхьэмыгъазэр къыхэщырт, и нэгум гупсэхугъуэ гуэр зэрилъыр плъагъуу зэгущт, ищIэ IуэхумкIэ и щхьэм дзыхь зэрыхуищIыжыр плъагъуу мыпIащIэ-мытхъытхъыу утыкум щрикIукIырт. Апхуэдиз тегушхуэныгъэ зыхэлъ лIым сыздеплъым «Аслъэным и гур зыкIуэцIылъкIэ» дызэджэ ди пащтыхь Ричард сигу къэкIыжащ, сарацинхэм мышынэу япэщIэувар зыхуэдэр си нэгу къыщIэзгъэхьащ».

Адыгэр зыгъэгушхуэу къэзакъыр зыгъэгухэу щыта Шырыхъукъуэ Дыгъужь 1799 гъэм Нэтыхъуей щIыналъэм хыхьэ Джэчпсынэ къыщалъхуащ. Езыри лъэпкъкIэ Къарзэджхэ ящыщт, нэтыхъуей уэркъ унагъуэм къыхэкIат. Къарзэджыр уей-уей жезыгъэIа адыгэпщ Индэрокъуэ Мыхьэмэт и малъхъэу щытащ. А зы закъуэм къегъэлъагъуэ Шырыхъукъуэм хыхьэ-хэкIышхуэ иIэу, пщIэ лей къыхуащIу зэрыщытар.

Шырыхъукъуэ Дыгъужь и щIалэгъуэ пасэм къыщегъэжьауэ зауэм хэмыкIыу ихьащ. ЗэуапIэм Iухьамэ, ЕщIэнокъуэ зэшитIым пащIырт, и шыкIэм мафIэр егъэуа къыпфIэщIу дзэм ипэ иту сыт щыгъуи зауэрт, пащтыхьыдзэм иубыда щIыгухэр къаIэщIихыжын щхьэкIэ, къыщIикIуэтын щымыIэу хэти ебгъэрыкIуэрт. Бийм джатэихакIэ щахыхьэм деж Шырыхъукъуэ Дыгъужь къэзыгъэувыIэн щымыIэу псэхэх шынагъуэт, гъэр зэтращIахэр щхьэхуит къищIыжын щхьэкIэ бийм кIуапIэ езымыт лIы бланэт. Зауэр щынэхъ гуащIэу псэзэпылъхьэпIэ бзаджэ щыхъум нэсу, хьэдэгъуэшэрэ удынымрэ езым япэ зылъигъэсу, ныбжьэгъухэмрэ щауэгъухэмкIэ сакъыу къекIуэкIащ Шырыхъукъуэр.

Уэрэдхэм языхэзым мыпхуэдэу щыжеIэ: «Лъыуэ щIэкIым джанэр егъэф, мы мелыIычмэ унафэр къызэхалъхьэ, и псэ закъуэм укъылъимыхьамэ, КъурIэнIэмдэчхэр дгъэзэнкIэ ди псалъэт», - жиIэу. АпхуэдизкIэ цIыхур абы и псэм тегужьеикIауэ, дэкIамэ, къыдыхьэжыну пIэрэ жаIэу псори пэплъэу щытащи. Дауи, бийм шынэ техьэгъуэр езыт лIым гу кIуэцIымылъамэ, лъэпкъми лъагъуныгъэ къыхуищIыну къыщIэкIынтэкъым. Сыт хуэдиз имыпхъэшагъми, Шырыхъукъуэ Дыгъужь цIыхухэмкIэ гумащIэт, нэхъыжьхэм гулъытэ лей яхуищIырт, и лIыгъэрэ и уэркъыгъэрэ къемыпсэлъыхыу псори зэхуэдэу илъытэрт. Зи псэ емыблэж лIыхъужьым и цIэр уэрэдхэм къыхэхуэ къудейкъым. Абы хуэдэу сатыр купщIафIэхэр зыхухаха куэд щыIэкъым. Лейуэ щытхъуу, лейуэ къыхэщу апхуэдэщ Шырыхъукъуэ Дыгъужь и цIэр «Абатэ Беслъэней и уэрэдым», «Шапсыгъ лIыхъужьхэм я гъыбзэм», нэгъуэщI уэрэдыжьхэми.

Ауэ, хьэлэмэт дыдэр аращи, Шырыхъукъуэ Дыгъужь и лIыхъужьыгъэр щхьэхуэу къэзыIуатэ уэрэд джэгуакIуэхэм хузэхалъхьауэ къыщIэкIащ. А уэрэдыр адыгэ узэщIакIуэ СулътIан Къырымджэрий 1866 гъэм «Кубанские войсковые ведомости» газетым къытрыригъэдзат. УзэщIакIуэм абы зэрыщыжиIэмкIэ, и унэ кIуэжу гъуэгу здытетым Джэчпсынэ дыхьэн хуей хъуат. Абдеж ар Шырыхъукъуэм иригъэблагъэри, къигъэхьэщIащ, къигъэфIащ. Къарзэджхэ я хьэщIэщым нэху щыхукIэ щыжаIа псоми Къырымджэрий нэхъ игу ирихьауэ, и гум зыпхидзауэ къыхигъэщар бысымым хуауса уэрэдырщ. «Илъэс 30 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, яусауэ щыта уэрэдыр гъэщIэгъуэнт. Аслъэным и хабзэр зи щэну къэпсэуа лIым абы лъандэрэ игъэхъам иджыри зы уэрэдтэкъым тебгъэIукI хъунур, апхуэдизкIэ ар джатэрыхахуэу, шыщхьэмыгъазэу дунейм тетащи», - етх узэщIакIуэм. Дыгъужьыкъуэ теухуа япэ тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIари аращ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхыбзэ дызэримыIам и ягъэр мыбдеж къыщыдэкIащ. Уэрэдыр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэщ дунейм къызэрытехьар. Апхуэдэу щыт пэтми, Шырыхъукъуэм и уэрэдыр зэIэпахыу, хьэщIэщ пшыналъэу зэрыщытам и щыхьэтщ ар 1925 гъэм къэIуэтэжакIуэ цIэрыIуэ дыдэу адыгэхэм къахэкIа Къэзанш Пэдыс яригъэтхыжауэ жиIэу Краснодар къыщыдэкI «Лъахэхутэ» щIэныгъэ журналышхуэм хъыбар къызэритар. Ауэ а уэрэдым и текстри нобэр къыздэсым утыку къихьакъым. ЗэкIэ дызыщыгъуазэр Къырымджэрий къытрыригъэдзауэ щыта текстым усакIуэ Бэрэтэрэ Хьэмид трищIыкIа зэдзэкIыгъэрщ. Ар къэбэрдей адыгэбзэм нобэ япэу худогъакIуэ.

Дзэ псом имыщIэн лIыхъужьыгъэ куэд Дыгъужь и закъуэу ищIащ, ауэ кIэи ухи зимыIэ пащтыхьыдзэр къызэтригъэувыIэн адыгэм хузэфIэкIакъым. Щхьэусыгъуэхэри гурыIуэгъуэщ. Гъэр защIын ялъэкIакъым апхуэдиз лъыр зыгъэжахэм, насыпыншагъэр щыз гъуэгум теуващ - щалъхуа лъахэр ябгынащ. Нэтыхъуей хэкур щызыIэщIалъхьэм, лъэпкъми къыхэнэж щIагъуэ щымыIэу зэтраухэ щыхъум, нэтыхъуейхэм Щыгъуэ хасэкIэ зэджа зэIущIэр зэхуашэсащ. Нэхъыжьхэм а хасэм и гугъу щащIкIэ, я пыIэр зыщхьэрахырт, я блэгущIэм щIалъхьэрти, щыгъуэ нэгуу къызэфIэувэу щытащ. Щыгъуэ хасэм Хэкум икIыжыну унафэ къыщащтащ. А унафэр къэзыщтахэм япэрыуэфакъым Шырыхъукъуэри. Зы къуажэ закъуэ фIэкIа къэмынэу, нэтыхъуейхэм къахэнэжа тIэкIур 1864 гъэм Тыркум икIыжауэ щытащ. ХамэщI къыщыхутахэм мащIэ бэлыхьи ягъэвакъым, ауэ, дэнэ ущымыIэми, зыпхъумэжын хуейкъэ, Дыгъужь и лъэпкъэгъухэм бгъащхъуэу ящхьэщытащ, я Iуэху зэрыдэкIынумрэ тыншыпIэ зэрагъуэтынумрэ я Iэмалхэр къилъыхъуэу.

Шырыхъукъуэ Дыгъужь зыхыхьахэм я унафэри къищтакъым, абы и шынагъэри тыркухэм ялъэIэсу щытащ. Дыгъужь и хъыбарыр иджыри куэдрэ хэкужьым къылъэIэсу екIуэкIащ. И ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхауэ шыбгым ису и дунейр ихъуэжащ. Пэжми пцIыми хэт жиIэн, ауэ зэрылIэнур къызыгурыIуа Дыгъужь андез ищтэщ, Тхьэм и закъуэныгъэр къызыхэщ шэхьэдэр жиIэри, и гупэр щалъхуа хэкумкIэ гъэзауэ тIысри и псэр хэкIащ...

Укъыщалъхуа Хэкум щумыгъуэта насыпыр хамэ щIыпIэм щыбгъуэтынт? Уи лъэпкъ имыIэ насыпыр уи щхьэ закъуэкIэ уиIэнт? Шырыхъукъуэ Дыгъужь хэкулIэ лIэуэ дунейм ехыжащ. Ауэ сыт хуэдэуи щрет, лIыуэ дунейм тетащ, лIы хуэдэуи дунейм ехыжащ, и цIэр нэхъыжьхэм дахэкIэ къраIуэу, щIалэхэм я гур ипхуъатэрэ лIыгъэм хуигъэушэу. Апхуэдэущ а лIы щыпкъэр адыгэм и уафэгум зэритынури - вагъуэ мыкIуэсэжущ.

Мыбдеж къыщыхэгъэщыпхъэщ Шырыхъукъуэр Тыркум зыбжанэрэ зэрыкIуар, сулътIаным и къуэлыкъущIэхэм мызэ-мытIэу зэрахуэзар. Сыт хуэдизрэ мыкIуами, Дыгъужь хэкур зи плъапIэ, и пащхьэ кърапъхьэ фIыгъуэхэм зезымыгъапцIэ лIы щыпкъэу зыкъигъэлъэгъуащ. Ар уэрэдми къыхощ.

**Дуней нэхур зи махуэ,**
**Мы махуэм и уахътэри зи дахагъэ,**
**ЛIыгъэм и щIэгъуэм пэрыт,**
**ЗыщыщкIэ уэркъ лъэрыхь,**
**Ар хэт жыпIэмэ, -**
**Шырыхъу и къуэкIэ ди Дыгъужьщ.**
**ЛIыхъужькIэ зы къыхуэмыт,**
**Дыгъужь и гъащIэ лъагъуэр**
**Мазэгъуэ жэщым щылъэщщ,**
**Зэш лIыфIхэр и гъусэщ,**
**Сатыр мыукъуэу къыгуэтщ.**
**Уэ, ныбжьэгъу-щауэфIхэр къыгуэтщ,**
**И лIыгъэм къефыгъуэр и бийщ,**
**Уэ, я фыгъуэ мафIэми хесхьэж,**
**Уэ, яхуэмыхъуурэ къыщотхъу!**
**Шырыхъу и къуэр щхьэ лъэщщ,**
**ЩэкIым и дахэр ещэху,**
**Гуащэм и нэхум къыхурегъашэ.**
**Ауэ махуаехэр къылъоIэс,**
**Уэ, зауаем хелъасэ,**
**Къылыштыкум ар къос,**
**Лъэсым къатожри псы уэрым хохьэ,**
**ПщIэгъуалэр псынщIэу къосыкI,**
**Уэ, гъусэ къыхуэмыхъугъэхэр**
**Быгъуркъалэм къыдэнауэ дэсщ.**
**Уэ, ар лIы мысэу къыщIэкIащ,**
**Уэ, ар лIы мыгъуэу къыхэщащ.**
**Уэ, Шырыхъу и къуэкIэ ди Дыгъужь,**
**ЛIым я лейуэ ди лIыхъусэжь,**
**Урысхэм я пщыпIэр быдэр**
**Ра, шы лъабжьэкIэ зэхекъутэ,**
**И джатэ Iэпщэр ехуз,**
**Бзухэм я нэхъ псынщIэри щIэмыхьэ,**
**КъылъэщIыхьэ щымыIэу урыс дзэпщым щхьэщохьэ.**
**Ра, урысыр зэрыс щIыпIэм ирегъэкI,**
**Уэ, къэзакъхэм я тIысыпIэр ирегъэбгынэ,**
**Уэ, дзэ щтар и пIэм ирегъэкI,**
**Уэ, адыгэ гъэрхэр къешэж,**
**Ар езыр хэтхэ ящыщ жыпIэмэ, -**
**Шырыхъу и къуэкIэ ди Дыгъужьщ.**
**Дыгъужьым и хъищэр Быгъуркъалэм нос,**
**И цIэфIхэм ар дыщэ къалэм къегъэс,**
**Хьэсэн-хьэжым и къуэшу зыкъещI,**
**И лъхугъэм пищIу къелъытэ,**
**Истамбылыжьым кхъухькIэ яшэ,**
**СулътIаным и сэрейм дашэ,**
**Сэралым гуапэу къыщыпыкъуокI,**
**Дыщэмрэ дыжьынымрэ къpaгъэщэщэх.**
**Шырыхъу и къуэкIэ ди Дыгъужьыр**
**ЕIэбыхыу зы Iэмыщ Iи къимыщтэ,**
**Дыщэплъми дыжьыныгъуэми хуемыплъэкI.**
**Шырыхъукъуэм Истамбылыр къыхуэчэфщ,**
**Чэф зэпымыужыр сэрейм щызэхэтщ,**
**Ауэрэ лIыр мэзэш,**
**Зэшыгъуэр лIыгум къокIуащэ,**
**Къыщыхъуа хэкум къэкIуэжыну къохъуапсэ.**
**Уэ, Сералым дэсхэр къызэхуос,**
**Кхъухь тедзапIэм къагъэс,**
**IыхьэфIхэр къыхурахьэлIэ,**
**ЛIыхъужьыр къагъэкIуэтэж,**
**Абы тету лIыфIыр къокIуэж.**
**Уэ, Шырыхъу и къуэкIэ ди Дыгъужь,**
**Зыщыщ хэкум и гупсэ,**
**Псэм пищI и щIыгум къохьэж.**

*Шырыхъукъуэ Дыгъужь ехьэлIа къэхутэныгъэ иджыри идогъэкIуэкIри, «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуэхэм языхэзым абы фыкъыщеджэ.*

**ТАБЫЩ Мурат,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




# Куэд зи гугъэм сыту и насып!..

Къэбгупсысымрэ гукъэкІыжымрэ зэхэбгъэгъуащэу щІэбдзамэ, утхэну и чэзур къэсащ - художественнэ литературэр абдежщ къыщежьэр.

* * *

Мы дунейм гухэхъуэшхуэ къуиту гъэщІэгъуэн къыпщыхьун, удэзыхьэхын тумыгъуатэмэ, уэ езыр узэрыкупщІэншэ-мыхьэнэншэр шэч зыхэмылъыжщ: иджыри зыгуэр гъэщІэгъуэн, телъыджэ къыщыпщыхьумэ - уи насыпщ, уи акъылым зэрыхэхъуэм, псэкІэ зэрызыбужьым и нэщэнэщ.

* * *

И диваным илъу, телевизор здеплъым, дэтхэнэми дуней псор зэрегъэзэхуэф, псори ещІэ - сыт хуэдэ министерствэри нэхъыфІу зрихьэфынущ, уегуакІуэмэ, къэралым и президент хъуфынущ!.. Куэд зи гугъэм сыту и насып!..

* * *

«НэгъуэщІым и щыщІэныгъэхэр сэтей щІыныр, пцІы телъхьэныр, хуэпсэлъэныр, тецІыбыхьыныр, и къупщхьэлъапщхьэр гъэлыныр, убыныр, хьэм егъэхьыныр, зыхуэмыфащэм щытхъупсыр къегъэжэхыныр, хабзэншагъэ-нэмысыншагъэ, икІагъэ лэжьыныр мы Илъэсыщ1эм щыгъэтыжын хуейщ», - жи. Елърэ абы жиІэр! Апхуэдэу гущІэгъуншэ-лъызыншэу ущыт хъурэ?.. Гъэ псом ахьмакъхэм - псэкІэ зызымыужьа лІы мыхъухэм - ебгъэщІэнур сыт-тІэ, Іуэхуншэу, хущхьэ-щатэу щыбгъэсыну ара?!

* * *

НэгъуэщІхэм къагъэщІар бубыну нэхъ тыншщ, уэ езым зыгуэр къэбгъэщІ нэхъри, сыту жыпІэмэ зыгуэр къыщыбгъэщІкІэ - угупсысэн хуейщ, ущыубэкІэ - уи жьэм къекІуар жыпІэу ара къудейщ.

* * *

Сыкъэзылъагъу мыхъухэм я нэ пыджэхэм куэдрэ сыфІохуэ, къысхуатІ мащэхэми сыщихуэ къохъу. Ауэ гу хьэлэл-псэ къабзэу сыт щыгъуи захуагъэм и телъхьэ цІыху мащІэхэм я нэм къащІих хуабагъэ-гуапагъэм сыкъыдахыж, си гур пхъашэ, щІыІэ мыхъуу.

ХЬЭТУ Пётр.

# Лэпс зэщІэт, джэдыл, прунж, кІэртІоф хэлъу



Джэдыл зэпкърыхар ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри ягъавэ дакъикъи 10 - 15 хуэдизкІэ. ИтІанэ шыгъу хадзэ, прунж лъэсар зэІащІэурэ хакІутэ, тхъурымбэр къытрахыурэ дакъикъи 7 - 8-кІэ ягъавэ. ИтІанэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта кІэртІофыр халъхьэ, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри хьэзыр хъуху - дакъикъэ 20 - 25-кІэ ягъавэ.

Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкубгъум трагъэувэ, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри дакъикъи 5-6-кІэ щагъэт, нэхъ ІэфІ къыщІыхьэн щхьэкІэ. Іэнэм пщтыру, зэрызэщІэту фалъэ куукІэ трагъэувэ. Къуэнтхъурей трагъэщащэ. ЩІакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):***
джэдылу - г 150-рэ,
псыуэ - г 700,
прунжу - г 20,
кІэртІоф укъэбзауэ - г 60,
къуэнтхъурейуэ - г 15,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз;
*бжьын гъэлыбжьам:*
тхъууэ - г 20,
бжьыныщхьэ упщІэтауэ - г 20,
шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

# Уахътыншэ

ГъащІэр зэзгъэщхьыр тхылъышхуэ гуэрщ, езы цІыхум итхыжрэ къыдигъэкІыжу. Ауэ ар хьэзыр, нэщІыса щыхъур дунейм уи щІыб къыщыхуэбгъазэрщ, иужьрей точкэр щыбгъэувыр уи гъащІэ Іыхьэр щыбух дакъикъэрщ. Ди Тхьэшхуэрщ редактор нэхъыщхьэ а тхылъым хуэхъур, абы иІэнкІэ хъуну сюжетри зи Іэмыщ1э илъыр аращ.

Сурэт щхъуэкІэплъыкІэхэмкІэ гъэнщІауэ къыщІидзынуми, псэр зыгъэжабзэ, гур зыгъэгъу теплъэгъуэхэм уащыхуззэнуми, таурыхъ хьэлэмэтыщэу и кІыхьагъкІэ щІэбджыкІынуми е нэпс шыугъэкІэ напэкІуэцІ куэд бгъэнщІынуми - зыкъомкІэ зэлъытар тхылъыр зытхырщ.

Нэмытхыса хъуа тхылъым и напэкІуэцІхэм дерс къызыхахын ирагъуатэрэ упэмылъыщу пфІызэрадзэкІмэ, тІэунейрэ уи кІэн къикІащ. Аращ дэтхэнэ зы авторми и хъуэпсапІэр. НэхъыбэжкІэ Алыхьым и нэфІыр къыщыпщыхуар тхылъыр къахуэбгъанэрэ уэ ущамыгъуэтыжым и деж абы и напэкІуэцІхэм ириплъэж, щІэзыджыкІыж, уи цІэр фІыкІэ зыгъэІу уи ужь къинамэщ. Апхуэдэ тхылъ щхьэпэ дунейм къытезынэ цІыхум и псэр уахътыншэщ, и ІэдакъэщІэкІымрэ и гуащІэдэкІымрэ лІэщІыгъуэкІэрэ лъэпкъым къыдокІуэкІ, и акъылыр иригъэлажьэу, и дуней гъащІэм гъуэгугъэлъагъуэ къыщыхуэхъуу.

ЖАМБЭЧ Рабия.

# Мис аращ-тІэ…

ЩІалэ цІыкІур автобусым ису макІуэ. Абы зы лІыжь къыщхьэщытщ. Зыкъомрэ кІуа нэужь, ар лІыжьым йоупщІ:

- Дадэ, уи лъакъуэр узрэ?

- Іей дыдэу мэуз, си щІалэ цІыкІу.

ТІэкІу докІри, аргуэру йоупщІ:

- Дадэ, уэ ущыцІыкІум щыгъуэ укъэтэджурэ нэхъыжьхэм тІысыпІэ ептрэт?

- Ахьей естрэт!

- Мис аращ-тІэ уи лъакъуэр щІэузыр!

# Джэду цІыкІу



Джэду цІыкІуу щабэрыкІуэ -
Цым - цым - цым ...
ПщэдджыжьыІм си деж къожэ,
Содэхащ1э - мэгъурнау -
Нау-нау-нау...

Джэду цІыкІуу щабэрыкІуэ -
Цым - цым - цым ...
Шэ шейщІэткІэ сэ изот,
Зыкъысщехъуэ - мэгъурнау -
Нау-нау-нау...

Джэду цІыкІуу щабэрыкІуэ -
Цым - цым - цым ...
Дызэгъусэу топ доджэгу,
ЗигъэщІагъуэу - мэгъурнау -
Нау-нау-нау...

Джэду цІыкІуу щабэрыкІуэ -
Цым - цым - цым ...
Мэзэраныр, мэкъуейщІей,
Сешхыдамэ - мэгъурнау -
Нау-нау-нау...

Джэду цІыкІуу щабэрыкІуэ -
Цым - цым - цым ...
Жэщыр хъумэ, си пІэм мажэ,
Зеукъуэдийри - мэгъурнау -
Нау-нау-нау...

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

# Лъэпщ и ХьэпцІей кІуэкІэ

Лъэпщ и цІэу Алъхъохэ пщылІ гуэр яІэт.

- Пщэдей ХьэпцІей узгъэкІуэнущ, Лъэпщ! – жиІащ пщым.

«Пщэдджыжь сыщыкІуэнукІэ, ныжэбэ сыкІуэрэ сыкъэкІуэжмэ, щхьэ мыхъурэ!» - жиІэри Лъэпщ жэщым ХьэпцІей кІуэри къэкІуэжащ.

Пщэдджыжьым Лъэпщыр пщым къриджэу ХьэпцІей щІэкІуэнумкІэ унафэ щыхуищІым:

- Уэлэхьэ, зиусхьэн, а жыхуэпІэм ныжэбэ сыкІуэри сыкъэкІуэжамэ, - жиІащ Лъэпщ.

*ПщІэншэрыкІуэу хьэулейм хужаІэ.*

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Адыгэ бзылъхугъэ узэрэджыІакІуэ. **3**. ЦІыхубзхэм зыкІэралъхьэ хьэпшып цІыкІу. **5**. Шым и кІуэкІэ. **7**. КІэкъинэ. **9**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **12**. Абы тутын иракІутэри ирофэ. **13**. ... и щІагъ нанэ щыІэкъым. **15**. ... гъуцэрылъэрэ фыз игъэплъа лІырэ. **16**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан ... **18**. Нартыху хъумапІэ. **20**. Хьарбыз ... е ерыскъым щыщу нэхъ ІэфІ дыдэр. **21**. Къуршым, бгы зэпыт ирикІуэм я щыгу.

***Къехыу:*** **1**. Къазым ещхь псым щес къуалэбзуушхуэ. **2**. «Щихухэр иджыри ... » - Къэрмокъуэ Мухьэмэд цІэрыІуэ зыщІа повесть. **3**. Джэдум зэрыхуилъ псалъэ. **4**. Нало Заур и япэ ІэщІагъэр. **6**. ТхакІуэ Мэзыхьэ Борис и къуажэ. **8**. ТепщэкІ ІупщІакІэ. Е зыгуэрым и гъунэ. **9**. Павлиным адыгэбзэкІэ зэреджэр. **10**. Махъсымэм и щІэтІысыкІ. **11**. ... псы кІэрыпщІэрэ? **14**. Сабийхэр ... ІэшкІэкІэ зозауэ. **15**. Шы щхьэц. **16**. Къэбэрдей тхакІуэ. **17**. ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщым апхуэдэу йоджэ. **19**. ЩІыпІэ лъахъшэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***ЩІышылэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Къехыу:*** **1**. Хуэхъунщ. **2**. Гухэхъуэ. **4**. Бжьэхуцым. **5**. БжызоІэ. **11**. Лъэсыр. **12**. Ажэми.

***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Гъэдахэ. **6**. Бжьын. **7**. Хъуэжэ. **8**. ЩощІэ. **9**. Тохуэ. **10**. Бзэр. **11**. Лъэхъа. **13**. Жыжьэ. **14**. ЖыІэ. **15**. Выфэми.



# КъэфакIуэ гуп нэхъыфIу къалъыта

**УнэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIа цIыху щхьэхуэхэмрэ гупхэмрэ ехьэлIауэ 2021 гъэм и кIэм Инстаграм напэкIуэцIым щрагъэкIуэкIа IэIэтым кърикIуам тету, «Илъэсым и къэфакIуэ нэхъыфI» щIыхьыцIэр хуэфащэу къалъытащ лъэпкъ къафэхэмкIэ «Шэрджэс» ансамблым. ЩIыналъэпсо, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм зыкъыщызыгъэлъагъуэ «Шэрджэс» гупым къыхуагъэфэщащ кавказ лъэпкъхэм я цIыхубэ къафэхэмкIэ 2018 гъэм Къэзан щызэхаша Урысей зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр. Апхуэдэу гупыр пашэ щыхъуащ Москва, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щекIуэкIа зэпеуэхэм. Мы гъэм илъэситху ирикъу ансамблым и къэфакIуэхэр я зэфIэкIымрэ ехъулIэныгъэхэмрэ дяпэкIи зэрыхагъэхъуэнум, ди къафэхэм я дахагъэр нэгъуэщI щIыпIэхэм, лъэпкъхэм я деж зэрынахьэсынум иужь итщ.**

ГУПЫМ и художественнэ унафэщI, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым илъэс 15-м щIигъукIэ хэта Бжьыхьэлl Замир къэфакIуэ икIи къызэгъэпэщакIуэ Iэзэщ. ЩIалэр нэхъ къэфцIыхун папщIэ фигу къэдгъэкIыжынщ саугъэт папщIэу куэдым зэIэпахыу щыта кIэнфет пхъуантэм абы и сурэтыр зэрытетыр. ЗэфIэкI зиIэ а артистым и школ-студие япэщIыкIэ Налшык къыщызэIуихащ. Мы зэманым абы ныбжьыщIэ 30-м щIигъу йокIуалIэ. Абы и гъэсэн нэхъыфIхэр хэту 2017 гъэм къызэригъэпэща «Шэрджэс» ансамблым илъэс зыбжанэ хъуауэ и унафэщIщ БжьыхьэлIыр. Налшык къалэмрэ абы къедза къуажэхэмрэ щыщ, илъэси 5-м щыщIэдзауэ илъэс 16 зи ныбжь артист ныбжьыщIэхэм я бжыгъэр 40-м ноблагъэ.

Зэман кIэщIым къриубыдэу гупым творческэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьауэ Iуэху гъэщIэгъуэнхэм ирагъэблагъэ. Гупым и артистхэм ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я цIыхубэ артист, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр зыхуагъэфэща уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим, пшынауэ Iэзэ, дунейпсо зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ я лауреат, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь Лыджыдэ Алий, пшынауэ цIэрыIуэ Иуан БетIал сымэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым я концерт гукъинэжхэмрэ пшыхь щIэщыгъуэхэмрэ.

Ансамблым и щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къафэ гъуазджэмкIэ зэфIэкI зэраIэр щIыналъэ зэпеуэхэм мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуа нэужь, утыкушхуэхэм ихьэну хуит ящIащ. Апхуэдэщ саугъэт нэхъыщхьэр гупым къыщихьа Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм я ансамблхэр зыхэтар, «Я - талант» (Налшык) зэхьэзэхуэр. Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым и унафэщIыр эстрадэ гъуазджэхэмкIэ «Академия» концерт-продюсер центрым и унафэщI ПащIэ Рамедт. КъищынэмыщIауэ, Псыхуабэ къалэм художественнэ къафэхэмкIэ щекIуэкIа «Хрустальный шар» ебланэ дунейпсо фестиваль-зэпеуэ зэIухам саугъэт нэхъыщхьэр къыщихьащ ансамблым. Гупым абы щигъэлъэгъуат куэдым фIыуэ ялъагъу «Лъапэрисэ» къафэр. 2019 гъэм «Алые паруса» щэнхабзэ фондым Сочи къыщызэригъэпэща зэпеуэм и кубокыр зыхуагъэфэщари «Шэрджэс» гупращ. А гъэ дыдэм, Адыгэ ныпым и махуэр республикэм щыщагъэлъапIэм иращIэкIа концертым ирагъэблагъэри, «Щапхъэ зытрах» щIыхьыцIэр къыфIащащ. Гупым и ехъулIэныгъэхэр куэд мэхъу. Апхуэдэхэщ «Таланты Евразии», «Марлен шоу», «Танцемания», «Вершина успеха», Эйфман Борис и щIыхькIэ Санкт-Петербург щекIуэкIа «Кубок танца» зэпеуэхэр.

СССР-м и цIыхубэ артист, къэфакIуэ цIэрыIуэ, балетмейстер Сухишвили Илико (Илья) илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ Батуми къалэм щекIуэкIа фестиваль-зэпеуэм и саугъэт щхьэхуэ къыщыхуагъэфэщащ ансамблым. КъэпщытакIуэхэм «ЦIыхубэ къафэ» лIэужьыгъуэмкIэ япэ увыпIэр «Шэрджэс» гупым лъагъэсащ. КъыжыIапхъэщ зэхуэсахэм «Убых», «Удж хъурей» къафэхэр телъыджэ икIи гукъинэж зэращыхъуар.

- Нэгъуэщl щIыпIэхэм щекIуэкI зэхыхьэхэм ансамблыр зэрыхэтым и фIыгъэкIэ лъэпкъ къафэхэм я щэхухэм, артист нэхъыфIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм, хабзэхэм зыхэдгъэгъуэзэну Iэмал дызэриIэр куэд и уасэщ, Куржым дыщыкIуам ди насып кърихьэкIащ дуней псом щыцIэрыIуэ Сухишвили Илья и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ балетым и концерт деплъыну. Абы и цIэкIэ щыIэ школ-студием ныбжьыщIэ 700-м щIигъу йокIуалIэ. Зэпеуэм жэуаплыныгъэ пылъу зыкъыщагъэлъэгъуа нэужь, ди артист ныбжьыщIэхэм тенджыз Iуфэм зэрызыщагъэпсэхуари гукъинэж ящыхъуащ, - жеIэ БжьыхьэлI Замир. - Сабийхэм уадэлэжьэным жэуаплыныгъэ ин пылъщ, ауэ а Iуэхум уи гъэсэнхэр гукIи псэкIи зэрыбгъэдэтыр щыплъагъукIэ, къару къыпхалъхьэ, нэхъри я зэфIэкIым зэрыхэбгъэхъуэным утрагъэгушхуэ. Зэпеуэ дыхэтын, сабийхэр я фащэкIэ къызэгъэпэщын, гъуэгу дытехьэн хуей щыхъукIэ зэпымыууэ адэ-анэхэм зэрызыкъытщIагъакъуэри къыхэзгъэщынут. Лэжьыгъэм ехьэлIауэ къалэн куэд дубзыхуащ. Сыт хуэдэ къафэ дгъэувми, дэнэ зыкъыщыдгъэлъагъуэми, ди мурад нэхъыщхьэр - ди лъэпкъ напэр, анэдэлъхубзэр, хабзэ дахэхэр тхъумэжынырщ. ЩIэблэм ягу къинэнур ебгъэлъагъумрэ зыхуэбгъасэмрэщ.

Иджы дыдэ гупым ехъулIэныгъэфIхэр къыщихьащ Железноводск къалэ-зыгъэпсэхупIэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIа «Национальная премия имени Айседоры Дункан» етхуанэ дунейпсо зэпеуэми. Ар къызэрагъэпэщащ иджырей къафэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа къэфакIуэ цIэрыIуэм и щIыхькIэ. Зэхыхьэм и гран-прир «Шэрджэс» ансамблым къыхуэзыхьар «У родника» къафэрщ. Гупым и щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ япэ увыпIитI абы къыщыхуагъэфэщащ ягъэзэщIа лъапэрисэмрэ абхъаз къафэмрэ папщIэ.

Къафэр зи псэм хэлъ, лъагапIэщIэхэм хущIэкъу ныбжьыщIэхэр тхьэмахуэм щэ зэхуэсурэ я зэфIэкIым хагъахъуэ. ЕхъулIэныгъэрэ гукъыдэжрэ ахэр щымыщIэну ди гуапэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Сабиигъуэм и дуней щэху

**«Дыщэнэ», «Данэ»... апхуэдэ адыгэцIэ дахэхэр зи фIэщыгъэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ сабий усэхэр зэрыт тхылъитI. Ар зи Iэдакъэ къыщIэкIар куэдым фIыуэ ялъагъу усакIуэ Нэгъуей (Архэст) Радимэщ.**

ТХЫЛЪЫР къыщызэтепхкIэ, усэхэм уанэмыджыса щIыкIэу, ар зэрагъэщIэрэщIа сурэт къудейхэм удахьэх - сабийм и дунеймрэ абы и нэкъыфIэщIхэмрэ я плъыфэу щхъуэкIэплъыкIэщ ахэр, узыгъэгупсысэ усэхэмрэ абыхэмрэ я зэпэджэр макъамэ дахащэм хуэкIуэжу.

Сабиигъуэр, дыгъэр, лэгъупыкъур щызэкIэлъыхьащ усэ куэдым, хуабагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэгъыщэу. Абыхэм я дэтхэнэри дыгъэпсу къыщызэрытIэпIыкIкIэ, цIыкIухэр нэхъыбэ сыт хуей?...

Сабий усэ щыхъукIэ, ахэр гъэнщIауэ щытын хуейщ псэр зыхьэху лIыхъужьхэмрэ абыхэм я щапхъэ дахэхэмкIэ. Радимэ ар къехъулIащ: зи къуэрылъху-пхъурылъхухэр фIыщэу зылъагъу анэшхуэ-адэшхуэхэм цIыкIухэр ягъэIущ, яущий. Абыхэм я щапхъэфIымрэ унагъуэм щызекIуэ хабзэхэмрэ мыкIуэдыжын гъуазэ яхуэхъун хуэдэу, иджыри зэрымыубыда сабий акъылыр жыру япсыхь.

Персонажхэращи... ахэр сыт - дунейм и щэхухэм я лъыхъуакIуэщ икIи ахэр сыт щыгъуи къыщагъуэт нанэрэ дадэрэ я таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ. Абы и щапхъэу къокIуэ «Дадэрэ сэрэ» зыфIища усэр: дадэ иригъэцIыхуащ Самир цIыкIум жыг куэд. АрщхьэкIэ, ари фIэмащIэу, адэшхуэм мэзым ишэу, абы къыщыкI жыгейр иригъэлъагъуну йолъэIу. Дади нэм хуихь къуэрылъхур игъэщIэхъуркъым - нэху здэщым мэзым зэгъусэу кIуэнущ...

Iэдыщэ, Айзанэ, Алия... усэхэр къулейщ ди гъащIэм кууэ къыхыхьа цIэ къызэрымыгуэкIхэмкIэ. Тхылъыр щIэзыджыкI сабийхэм я цIэджэгъуи къыхэкIыни. Апхуэдэ гъэпсыкIэми мыхьэнэ иIэщ - нэхъыбэм ягу дыхьэнущ.

Сабийхэм я дунейр зыгъэдахэ, зыгъэкуу зы лъэныкъуи къигъэнакъым усакIуэм. Тхылъым ихуащ цIыкIухэр гуапагъэрэ гулъытэкIэ нэхъ гъунэгъу зыхуэзыщI «Джэду шыр», «Хьэндырабгъуэ», «Бабыщ бын», гъащIэмрэ псэуныгъэмрэ хуэзыущий «Хьэлыуэ Iэнэ», «ДощI псэупIэ» усэхэр. Радимэ и лIыхъужьхэр йоджэ,матхэ,анэ-адэм доIэпыкъу, псэущхьэхэр фIыуэ ялъагъу - псори дерс къызыхахын защIэщ.

Псом ящхьэращи, «Дыщэнэрэ» «Данэрэ» щIэзыджыкIхэм усэ къэс къыхагъуэтэжынущ я дадэрэ нанэрэ, я кхъужьеижьыр, я псыхъуэр. Тхылъым ихуа сабий уэрэд цIыкIухэри пэщIэдзэ класс-хэмрэ классщIыб лэжьыгъэхэмрэ къыщысэбэпынущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**







# Беларусым и чемпион



**Беларусым и Солигорск къалэм дэт теннисымкIэ «Шахтёр» манежым щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ къэралым и чемпионат. Абы и саугъэтхэм щIэбэнащ а къэралым и щIыналъэ псоми икIа бэнакIуэ нэхъ лъэщхэр, псори зэхэту 300-м нэблагъэ.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 77-м нэблагъэхэм я гупым щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, Могилёв къалэм и цIэкIэ утыку къихьэ Кыл Казбек. ИригъэкIуэкIа пэщIэдзэ зэIущIэхэм шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ къыщызыхьа адыгэ щIалэщIэм финалым хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ Гроднэ къалэм щыщ, зыбжанэрэ Беларусым и чемпион хъуа Лях Павел. Казбек абыи ефIэкIащ икIи къэралым и дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Кыл Казбек 2017 гъэм Беларусым и чемпиону щытащ. 2012 гъэм щIалэгъуалэ дунейпсо чемпионатым щытекIуащ, зыбжанэрэ Европэм и зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №101